

- **konfese&**
- **gras&**
- **sèvi&**
- **legliz&**
- **louvri&**
- **tout.**

The Florida Conference of
The United Methodist Church:
Yon Kominote Baze Sou
Lanmou Ak Padon



**The Florida Conference of The UMC:
Yon Kominote Baze Sou
Lanmou Ak Padon**

Bishop Ken Carter, Rev. Jana Hall-Perkins, Leah Wiley, Riley Standifer, Casey Strong, Rev. Dr. Marta Burke, Rev. Dwayne Craig, Nicholas Glover, Rev. Alex Shanks, Rev. Dan Wunderlich, Rev. Corey Jones, Stephanie Pizarro, Rev. Jose Nieves, Nancy K. Metz, Bill Walker, Alejandra Salemi, Rev. Dr. Steve Harper, Rev. Meghan Killingsworth, Rev. Dr. Pamela Green, Lucas Bonates, Rev. Drew Weseman, Emily Ann Zimmerman, Rev. Dr. Jon Tschanz, Elizabeth Preston-Hughes, Rev. Dr. Sharon G. Austin, Rev. Magrey deVega, Rev. Scott Smith, Molly McEntire, Rev. Jennifer Stiles Williams, Derrick Scott, Heather Pancoast, Bridget Thornton, Rev. Madeline Luzinski, Rev. Michelle Shrader, Jeremy Green, Dr. Judith Pierre-Okerson, Manu Bhatnagar, Rev. Dr. Cynthia Weems, Rev. Vidalis Lopez, Kipp Nelson, Rev. Amy Armistead, Rev. Ginger Medley, Rev. Tracie Ashley, Erin Wagner, Susan Hanafee, Alice Williams, Rev. Annette Stiles Pendergrass

Kontni



4

Prefas

Evèk Ken Carter



6

Semèn 1: Konfese

2 me - 8 me



23

Semèn 2: Gras

9 me - 15 me



40

Semèn 3: Sèvi

16 me - 22 me



57

Semèn 4: Legliz

23 me - 29 me



74

Semèn 5: Louvri

30 me - 5 jen

91

Semèn 6: Tout

6 jen - 10 jen

104

Epilòg

prefas

Evèk Ken Carter

Konferans Florid, Legliz Metodis Ini

Mèsi pou volonte ak direksyon nou pran nan lavi Jezikri ak legliz li a. Nou klèman nan yon sezon gwo chanjman. Nou antre nan yon nouvo ane, nou pote avèk nou eksperyans plizyè santèn mil moun ki mouri akòz COVID, an menm tan nou temwen anpil zak rasyal depase nan touye ak rayi moun yonn apre lòt. Te gen anpil moun ki te pèdi travay yo ak mwayen pou yo viv, te gen yon ogmantasyon pwa lou sou sante mantal anpil moun.

N'ap avanse nan yon nouvo ane pa nan lide pou nou bliye anyen nan sak pase, men pote chay yo (Galat 6) an menm tan nap depoze yo sou Seyè a (Sòm 55). Espwa nou, nan mete resous sa a disponib, chita sou de konviksyon:

Nou pat janm gen entansyon viv lavi kreyèl nan pou kont nou. Kòm litiji batèm nan pwomèt la, “nou pral antoure nou ak yon kominote lanmou ak padon.” Kounye a menm, imajine ke ou kanpe nan yon sèk, antoure ak moun ki renmen-w epi ki padonnen-w.

Nou nan pwosesis pou konstwi pwochen legliz la. Apre-COVID, legliz la pral sanble diferan. Apre sa, mwen espere ke legliz kap vini an ap mete sou kote kontrent ak jijman nou te mete sou lòt moun nan tan pase yo, jan mwen te remake - nan mesaj nan legliz lokal yo atravè tout Florid la, nan travay denominasyonèl ak nan liv “Embracing The Wilderness of God’s Mercy” la sa pa eksprime verite bon nouvèl la nan Jezi Kris la, osinon kè doktrin Methodis la, ki eksprime trè byen nan kantik la, “Gras infini li an se yon gras ki gratis.”

Pwochen legliz la ap konpoze de disip Jezikri k'ap viv ak yon *imilite* sou pwòp peche ak prejije nou yo – se yon vwayaj k'ap Mennen nou nan direksyon kont rasis, se yon vwayaj k'ap Mennen nou nan direksyon *enklizyon*, se konsa nou konprann 1 Jan 1: 8-9. *Sa a se pa yon deklarasyon politik, se bòn nouvellèvanjil la.* Yon lòt fwa, imajine ou kanpe nan yon kominote, nan yon sèk lanmou ak padon, epi pou yon moman pèmèt lagras Jezikri lave ou nan idantite batèm ou.

Nou kòmanse oswa kontinye vwayaj nan direksyon legliz kap vini an, legliz ke Bondye wè menm kounye a nan prezan an.

Nou pral reyini tankou kò Kris la nan mwa kap vini yo, (si Bondye vle) vaksen pral retabli sante nou. Nan imilite n'ap fè bon travay disip ak batay kont rasis pou Mennen nou nan direksyon pwòp sentete nou. N'ap bezwen pran fòs ak lavi youn nan men lòt.

Twazyèm pwomès batèm nou an, ki kòmanse ak *konfesyon* epi *konfyans* nan gras Bondye, epi volonte pou *sèvi* Seyè a pral gide vwayaj sa nan direksyon pou noun anbrase epi agrandi sèk kominote ak padon ke Jezikri te aktyèlman *louvri* pou *tout moun*.

Favè Bondye a se gratis, epi li ap janm fini!

Mwen nan vwayaj sa avèk ou. Nou bezwen youn lòt. Ann kanpe nan sèk sa a ansanm, epi pi enpòtan toujou, an nou elaji sèk la. Legliz la bezwen renouvèlman. Epi monn lan bezwen kalite levanjil sa a.



semèn 1:

konfese

Rev. Jana Hall-Perkins
McCabe UMC, St. Petersburg

Semèn sa a nou kòmanse vwayaj nou pandan n'ap mete aksan sou Jezi ki se sant lafwa nou. Nou pral eksplòre devosyon sou nati Jezi, travay Jezi ak bezwen nou pou konfese Jezi kòm Seyè ak Sovè nou.

Ki sa sa vle di konfese Jezi kòm Seyè ak sovè?

Lè mwen panse sou sa sa vle di konfese yon bagay, mwen panse sou kominikasyon. Konfesyon nan sans ki pi fondamantal vle di kominike oswa pataje yon bagay pou revele yon bagay ki te pase.

Anvan mwen te vin yon pastè an plen tan, mwen te travay nan kominikasyon— espesyalman relasyon piblik ak jounalis. Nan karyè sa a, mwen te aprann ke kominikasyon vle di pi plis pase pataje mo ak lòt moun. Kominikasyon gen ladan kwayans yo ak sistèm valè ki fòme mo nou yo.

Konfese Jezi kòm Seyè ak Sovè kòmanse ak kwayans ak akseptasyon nan favè Bondye a ki envite nou nan relasyon ak Jezi. Envitasyon sa a ouvè ak tout moun. Tout moun! Mo pou mo, tout moun toupatou. Pa gen okenn kondisyon. Tout moun envite pou yo resevwa ak reponn a gras mèveye Bondye a.

Nou reponn a envitasyon sa ki baze sou gras sa lè nou konfese, oswa kominike, avèk pawòl nou yo ak sistèm kwayans nan kè nou, ke Jezi se Seyè ak Sovè. Espesyalman, sa vle di nou viv lavi nou ak yon angajman pou nou aprann epi

konprann kiyès nou ye nan limyè nesans Jezi, lavi li, lanmò ak rezirèksyon li. Nou konfese ke Jezi se Pitit Bondye te voye nan monn sa a pou pataje bon nouvèl lagras, transfòmasyon, redanmsyon ak lamou Bondye. Nou konfese ke Jezi gen otorite sou tout kreyasyon an. Nou konfese ke Jezi gen otorite sou nou. Nou konfese ke lavi Jezi fòme lavi nou. Nou kominike avèk pawòl nou yo, kè nou ak aksyon nou ke Jezi merite tout angajman, lwayote, atansyon, ak konfyans nou.

Konfesyon sètènman gen ladan pwòp mo, kwayans, ak aksyon nou chak. Men, konfesyon pa rive nan izolasyon. Konfesyon rale nou mete nou nan kominote ak lòt disip Jezi yo. Nou konfese endividyèlman epi nou konfese ansanm.

Epi, lè nou konfese Jezi kòm Seyè ak Sovè, menm gras mèveye sa ki envite nou rantre nan relasyon ak Jezi sèvi you kado pou nou nan vwayaj tout lavi nou avèk Jezi. Pandan tout lavi nou, gras sa a kontinye ede nou renmen, aprann, grandi, epi transfòme kòm moun ki te konfese Jezi kòm Seyè ak Sovè.

Donk, annou tout pare pou eksplòre ansanm ki moun Jezi ye, ak ki jan nou ta ka konfese ak pawòl nou yo ak kè nou ke Jezi se vrèman *Seyè ak Sovè nou*.



Èske ou konfese Jezikri kòm Sovè ou?

Pandan tout vwayaj sa a, nou pral konsantre sou twazyèm pwomès Ve batèm nou nan Legliz Metodis la:

Èske ou konfese Jezikri kòm Sovè' w, mete tout konfyans ou nan gras li, ak pwomès pou sèvi-l tankou Seyè ou, nan inyon ak Legliz la ke Kris te louvri bay moun tout laj, nasyon, ak ras?

Pataje istwa batèm ou oswa lè ou ka tande pwomès sa yo pou premye fwa.

Defini mo *Sovè* ak *Seyè*:

- Ki fòs pawòl Senyè a genyen jodi a?
- Nan ki jan monn lan bezwen yon Sovè jodi a?

Ki jan ou konprann mo “konfesyon?”

- Ki sa sa vle di konfese Jezi kòm Sovè oswa Seyè?
- Ki jan konfesyon sa a chanje relasyon w genyen ak Jezi?
- Ki repons yon konfesyon konsa mande oswa envite w nan aksyon, entèraksyon, konvèsasyon, ak desizyon ou ap pran chak jou?

semen j

“Ki Moun Nou Di Mwen Ye?”

Matye 16:13-20



Leah Wiley, Laity

Trinity UMC, Tallahassee

Nan Matye 16:15, Jezi defye disip yo ak kesyon sa, “Ki moun ou di mwen ye?” Pyè reponn, “Ou se ... Pitit Bondye vivan an.” Lè sa a, disip yo te deja pase plizyè ane avèk Jezi, yo te aprann nati Jezi kòm yon pati nan ministè a. Men jan ak disip yo, mache ak Jezi te pran plizyè ane preparasyon ak defi ak kesyon pou mwen.

Mwen te leve ak yon pastè ki te yon manm legliz Metodis Afriken epi tou li te yon manm komite twusti legliz sa a. Pandan m’tap grandi, paran mwen pat janm fòse relijyon sou frè m ‘ak mwen ni yo pat mande pèfeksyon nan men nou. Nou te ale legliz ak lekòl dimanch chak semèn e nou te chante nan koral Sunbeam. Jwa mwen nan tradisyon sa a te egal a degou mwen te genyen pou ba say o ki te kon grate janm mwen yo ke manman-m te konn fòse-m mete yo.

Nou te oblije travèse ray tren yo pou nou ale legliz. Nan vil la te gen boutik, lekòl, pak, ak opòtinite; pandan ke “lòtbò ray tren an” alantou legliz mwen an, te gen kay kote kèk kondisip klas ak manm legliz la tap viv. Gason ak fanm te chita nan kwen lari yo, tap mete boutèy nan sache mawon. Nou tap rete tann pou yo antre nan kay Seyè a, mache vè lotèl la, aksepte Kris kòm Sovè yo. Men, apres sa? Mwen t’ap mande tèt mwen. Èske kay yo ta vin repare, epi yo, menm yo kite bwè, pram dwòg, apre yo fin konfese Jezi kòm Seyè? Chak dimanch, pandan-m te chita deyè chèz manman-m nan machin nan, mwen t’ap mande tèt mwen poukisa te gen anpil pòv konsa lè te gen anpil legliz alantou.

Plizyè mwa anvan mwen gradye lekòl segondè, papa m mete chita pou nou pale sou lavi. Li te di m konsa “li pa gen pwoblem ak ki

2
me

relijyon mwen te va pratike, men, li te deklare, “Ou ap kwè nan Bondye epi aksepte Bondye.” Ki sa ki yon anvoye! Li pa te janm konnen sa ki t’ap pase nan tèt mwen lè mwen te chita nan chès dèyè a nan machin nan . Men, nan kèk mo, li te kreye yon kriz. Li te mete kesyon mwen te gen sou tradisyon mwen dwat nan figi mwen. Kote “Bondye vivan” sa a te ye lè kominote nou an te nan yon gwo bezwen konsa?

Mwen te kontinye ak kesyon sa a, pou chèche pwòp objektif mwen. Mwen te vle fè yon diferans. Pafwa mwen te tounen vin jwenn konfò mwen te genyen anvan, ale nan etid biblik nan Los Angeles ak chante sou ekip Iwanj nan Gainesville, Florid. Men, mwen remake te gen yonn “lòtbò ray tren an” tout kote mwen te vizite. Donk, mwen te etidye kreyasyon fim pou m’tè ka dokimante kondisyon kominote Nwa yo epi pataje istwa nan lit nou kont enjistis.

Kòm mwen te prèske fini ak lekòl sou fim, yon kesyon nan yon imel sispann mwen nan trak mwen. *Èske ou vle travay avèk kongregasyon relijye pou genyen swen sante, lojman abòdab, ak pi bon lekòl piblik?* Se te repons mwen tap chèche an: transfòme sikonstans nan kominote a fè balans ak lafwa mwen.

Lè-m te timoun, mwen te panse ministè Jezi a te sèlman preparasyon pou apre lanmò. Se vre, mwen t’ap chèche yon tradisyon ki te vivan, mwen te ran mwen kont mwen the plen ak menm pasyon pou rankè m’ te konn santi lè mwen janbe lòtbò ray tren yo.

Organize kominote nan Legliz la se te apèl mwen pou swiv Jezi epi vin yon aktè nan ministè jistis li. Menm jou sa a, mwen te mete kamera ansanm ak kesyon mwen yo sou kote epi mwen te reponn, “Jezi, ou se Pitit Bondye vivan an.”

Remak:

Yon Sèl Kò Kris La

Romen 10:9-13



Riley Standifer, Laity

Community UMC, Fruitland Park

Pandan m' tap grandi nan legliz la, batèm te yon evènman regilye pou kongregasyon mwen an. Mwen te renmen l paske li te toujou yon plezi pou gade ti bebe yo mouye oswa ap jwi fanmi an ansanm ak pastè a devan an. Mwen te renmen tou li litiji batèm lan ansanm kòm yon kongregasyon epi ak benediksyon moun ki te batize jou sa a, espesyalman lè paste a lonje bra li.

Youn nan kesyon batèm yo se “Èske ou konfese Jezi Kris Sovè ou a?” Women 10: 9-13 ban nou anpil bagay pou nou konsidere. Nan pasaj sa a, Pòl ap ekri yon lèt ki eksplike delivrans: “Paske si ou konfese ak bouch ou ‘Jezi se Seyè’ ak nan kè ou, si ou gen konfyans ke Bondye fè l leve soti vivan nan lanmò, Wap sove. Konfyans ap mennen w nan jistis, epi konfese ak bouch ou ap mennen w nan sali pou toutan. Labib di, si ou deklare ak bouch ou devan tout moun Jezi se Seyè a, si ou kwè tout bon nan kè ou Bondye te fè l leve soti vivan pami mò yo, wa sove. Paske, lè yon moun gen konfyans tout bon nan kè l, se lè sa a Bondye fè l gras. Lè yon moun deklare ak bouch li devan tout moun li gen konfyans nan Bondye, se lè sa a Bondye delivre li, dapre sa ki ekri nan Liv la: Nenpòt moun ki mete konfyans yo nan li p’ap janm soti wont. Konsa, nan pwen diferans ant moun ki jwif ak moun ki pa jwif: yo tout gen yon sèl Mèt ki bay tout moun ki rele l favè l an kantite. Se sa ki ekri nan Liv la: Nenpòt moun ki rele non mèt la gen pou jwenn delivrans.” - Romen 10: 9-13

3
me

Youn nan vèsè mwen pi renmen nan pasaj sa a se vesè 12 la, “Konsa, nan pwen diferans ant moun ki jwif ak moun ki pa jwif: yo tout gen yon sèl Mèt ki bay tout moun ki rele l favè l an kantite.” Se

konsa mwen wè Jezi nan pasaj sa Pòl te ekri a. Lè mwen panse a legliz mwen vle fè pati ak legliz kote ki, “pa gen okenn distenksyon.” Ansanm nou se yon sèl kò Kris la.

Divizyon kap pase lè yon gwoup ap eseye separe oswa kriminalize kominote majinalize nan legliz la. Lè legliz la te kòmanse, nouvo kretyen yo te vle kenbe moun lòt nasyon yo deyò. Jodi a legliz la kontinye menm mouvman kenbe kèk moun deyò.

Konbyen moun ki panse yo andeyò lanmou Bondye akòz Legliz la? Konbyen moun ki panse yo andeyò Lanmou Bondye akòz legliz nou yo?

Semèn sa a, pandan ke wap sonje batèm ou, reflechi sou pwomès ou te fè pou ou renmen kominote ou tankou Jezi.

Remak:

Jwenn Relijyon Mwen An

Kolosyen 1:15-20



Casey Strong, Laity

St. Luke's UMC, Windemere

Mwen te grandi nan relijyon. Mwen te mache nan yon legliz Batis Sid nan lwès Kentucky. Ou te ka jwenn mwen nan legliz la omwen de fwa pa semèn. Mwen te chante nan koral, mwen te patisipe nan misyon, mwen te asiste epi mwen te anseye lekòl bibliik vakans. Mwen te yon disip Jezi.

Nan laj 16 zan bagay yo te chanje lè paske mwen pat santi m byen nan bwat relijyon ke lòt moun yo te mete m. Konpreyansyon mwen sou kiyès mwen te ye epi ki moun mwen te renmen pat ankadre ak sa Legliz la tap anseye. Diferans sa yo te pouse m lwen relijyon. Mwen te ale nan mouvman yo epi mwen te “aksepte” Jezi kòm Sovè mwen, paske se sa mwen te sipoze fè. Men, mwen pat kapab jwenn divèsite Bondye m te santi a oswa rekonsilye mesaj yo ak leson ke mwen te anseye yo.

Lè mwen demenaje ale rete nan Orlando mwen rekòmanse ankò, mwen te jwenn St Lik la. Nan premye dimanch mwen, mwen te remake moun sa yo te diferan de lòt legliz yo. Atravè lapriyè, refleksyon ak etid, mwen te kapab rekonsilye ki moun Jezi te ye nan yon bagay reyèl ak pèsònèl. Mwen te wè Jezi nan kongregasyon sa a ak nan moun ak nan aksyon tout bon pou aksepte moun lakay, ospitalite ak renmen. Soti nan konvèsasyon pèsònèl, pou montre enterè lavi mwen ak moun mwen te pran swen yo, baryè mwen te kreye ak istwa relijyon ki te sipoze yo te vire tèt anba. Mwen te kòmanse konprann ke sakrifis la sou kwa a te pou mwen e li te reyèl nan lespri ak kè mwen.


4
me

Eksperyans lanmou ak konpasyon Jezikri nan moun sa yo te mennen m 'nan yon nouvo konpreyansyon sou ki moun Jezi te ye

ak sa sa vle di pou yo rele l Sovè. Mwen te jwenn apèl mwen yo ak siyifikasyon ak ki kote mwen te kapab itilize istwa mwen an fè lanmou sa a reyèl ak natif natal bay lòt moun. Mwen te kapab wè ke Bondye toujou rekonsilye tout bagay ak tèt li, e ki gen ladan mak nou.

Aprè eksperyans lanmou sa a, mwen ka vrèman konfese ke Jezikri se Sovè mwen e ke pa gen anyen ki ka separe de lanmou sa a.

Remak:



Chwazi Konfese

Jan 1:1-14



Rev. Dr. Marta Burke

Plantation UMC, Plantation

Antan yon timoun, tandè vwa manmanm oswa papam, mande ki moun ki mete abwat lèt vid la tounen nan frijidè a, sa toujou sispann mwen nan tras mwen yo pou fèm pran konsyans epi konfese pou di wi, se te mwen menm. Pita, mwen ta vin lakay, epi mwen eseye glise nan kay la tou dousman pou yo pa tandè. Se lè sa a mwen ta tandè youn nan vwa paran mwen yo di, m kontan ou lakay ou an sekirite, nou pral pale sou sa demen maten an.

Mwen te aprann byen bonè posede ak konfese bagay sa yo nan lavi mwen ke mwen ka te vle kache, te ede m grandi. Li te ede m 'fè chwa ki te bay lavi, yo bati yon fondasyon solid. Mwen te aprann tou posede oswa konfese bagay sa yo nan lavi mwen ki te bay lavi espiyèlman. Fè yon desizyon konsyan ak konfese, aksepte Jezikri kòm Sovè mwen, osi byen ke yon Sovè pou monn lan, ki bay lavi. Se limyè nan fènwa ke Levanjil Jan ekri sou li nan Chapit 1 ki ban nou chwa pou nou chwazi ak konfese kado sa a ki bay lavi a.


Nou dwe chwazi ak konfese tou de: peche nan lavi nou ak kado nan padon, ke kado Bondye a nan favè Kris la pou nou. Li se limyè a ki klere nan moman pi fonsè nou yo. Li se asirans la nan limyè Kris la, ke fènwa a pa pral simonte nou.

Gen verite nan lavi nou ki fè nou alèz, nan Legliz la ak nan lemonn, ke nou dwe konfese. Men, nou dwe tou chwazi epi konfese limyè Kris la kòm sous gerizon konplèt ke nou dwe viv. Kòm Jan ekri, "Epi Pawòl la te vin chè, li viv nan mitan nou, epi nou te wè tout bèl pouvwa li, tout bèl pouvwa kòm sèl pitit gason yon papa, plen favè ak verite.

5
me

Ki diferans ou ka wè lè nou konfese endividyèlman ak kolektivman swiv Kris la? Ki kote limyè Kris la ap klere nan lavi nou jodia ak nan lemonn ki antoure nou an?

Remak:



Se Pou Nou Swiv Jezi!

Mak 1:16-20



Rev. Dwayne Craig
East Naples UMC, Naples

Istwa sa a envite nou patisipe nan deklanchman de sa Han Kung rele yon “memwa danjere epi twoublan.” Nou envite nou plonje nan istwa Jezi jan sa ekri nan labib la, ateste pa tradisyon, selebre nan ekaristik la, fè lwanj nan chan, pataje nan temwayaj, ak rankontre bò lanmè nou yo nan peyi Galile. Soti nan imansite ekstraòdinè nan imaj kretyen ak panse nou, pa lafwa, kenbe yon memwa sibvèsif nan sa James H. Cone tradwi kòm “yon sèl Jezi a” ki se sant istwa kretyen.


Jezi ke nap pale an, jan I te ekri nan liv Mak la, te mache chak jou nan espas kat pechè a. Li vini san envitasyon, san avètisman petèt, mesye yo pat konnen I. Jezi, mache jodi ak nou, ak rankontre nou nan milye de sa ke Charles Taylor tradwi kòm “lonbray prezans Bondye a,” oswa sa Toni Morrison rele silans ak fè envizib nan kò ras yo, oswa aranje, demonize, ak politize nan “lavi nou pat espere a” jan Grace Kyungwon Hong tradwi li a, osinon kap viv lavi san pasyon dapre Soren Kierkegaard. Jezi te mache nan mitan yo, men yopa konnen I, ni yo pa chache I, epi li te kreye yon chanjman nan lavi yo, menm jan ak nan pwòp lavi nou jodi a.

Jezi pat sèlman mache nan lavi yo san avètisman, men li te fè yon apèl ki te kreye yon ti repo. Nan Jezi, kat disip yo te rantre nan yon nouvo reyalite, menm jan nou ye jodi a; yo te sezi pa Jezi, ki te kreye yon espas pou yo antre nan yon nouvo fason pou yo viv. Yo depoze privye yo (sa vle di, okipasyon / relasyon) ak travay ansanm ak papa yo (sa vle di, lyen familyal), pechè yo te motive pa konvokasyon Jezi pou yo patisipe nan yon fason pou lavi yo ak lòt moun. Sepandan, tankou yon premye apèl klè pou yon repo ak angajman ak demand ijan nan vwazinaj rèy Bondye a.

6
me

Nan tan pa nou jodia, Bondye rankontre nou nan Jezikri atravè Sentespri a, epi li rankontre nou nan okipasyon lavi nou. Li rele nou, tankou kat pechè yo, pou kraze lyen ki te mare nou yo: privye konfòmite ak tanporèl, rasyal / etnik, move tretman moun ki vilnerab yo, ak yon enterè epi envesti nan lòd prezan bagay yo. Se pou nou fè eksperyans favè Bondye ki sove lavi nou kote nou” mete afeksyon sou bagay ki anwo yo,” travèse fwontyè rasyal / etnik yo, antre nan solidarite ak moun ki pi fèb yo (Mak 10:31), epi angaje yo nan yon pratik ak transfòmasyon sosyal. Ke nou swiv Jezi!

Remak:



Renmen Frè Parèy Ou

1 Jan 4: 7-21



Nicholas Glover, Laity
Hyde Park UMC, Tampa

Madanm mwen, Caitlin, ak mwen te rankontre nan New York City nan 2012. Nou te manifeste dezi pou nou te avèk ak pami “Beloved Community,” nou te kòmanse ale nan sèvis nan Legliz Riverside, yon legliz istorik konstwi ak komplette ant de konsome ak koute chè Lagè Mondyal la. A kote gwo edifis la ak istwa nan konstriksyon an se lyen konplike ak dirab jan Rev. Dr Martin Luther King, Jr. Soti nan silans nou pou rive sou chè legliz Riverside, Dr King te anonse opozisyon fervant li nan lagè Vyetnam nan pou “tout sipò ak lanmou enkondisyonèl li pou tout limanite.”

Lapè ke King tap pale ak pèsistans kont lagè/renmen te fèk kòmanse. De semèn pita, pandan yap adrese manifestan ki te mache nan Nasyonzini soti nan Central Park, King te di sa a: “Mwen vin patisipe nan demonstrasyon enpòtan sa a jodi a paske konsyans mwen pa kite m fè okenn lòt chwa. Mwen rantre nan mobilizasyon sa a paske mwen pa ka fè silans pandan yap fè move bagay. Mwen isit la paske mwen dakò ak Dante, ki di: “kote ki pi cho nan lanfè yo rezève pou moun ki, nan yon peryòd de kriz moral, ki rete nan silans,” Nan jou sa yo nan tansyon emosyonèl, lè pwoblèm sa yo nan mond lan pi gran nan limit ak dezòd demezire, pa gen okenn bezwen pi gran, pase pou yon panse modere, jijman ki gen matirite, ak opozisyon kreyatif.”

Pawòl King nan te yon gwo nouvel nan peyi a ki te akable ak ranplase emosyon yo nan vanjans ak renmen nan vwazen nou yo. Nasyon nou an malad. Nou bezwen dezespereman temwen san vyolans nan aksyon. Ministè King ak lidèchip nan Mouvmman Dwa Sivil yo te vlope nan ak ranfòse pa lanmou san vyolans. Nan diskou akseptasyon Pri Nobèl Lapè li an 1964, King te remake, “Mwen

7
me

refize aksepte ke limanite trajikman mare nan fènwa rasis ak lagè. Lapè ak fratènite pa janm ka vin yon reyalite ... Mwen kwè verite san zam ak lanmou san kondisyon ap gen dènye mo a.”

Menm nan mitan konplikasyon nou yo ak lagè ak reta nan regleman rasyal, King te konnen byen ke youn renmen lòt - si etranje oswa fanmi; zanmi oswa lènmi - se afimasyon ak egzanp demonstratif nan renmen radikal Kris la “1 Jan 4:20” li di, “Nenpòt moun ki declare yo renmen Bondye ki rayi yon frè oswa yon sè se yon mantè. Paske, nenpòt moun ki pa renmen frè yo ak sè yo ke yo wè a, yo pa ka renmen Bondye yo pa janm wè a.”

Kòm nou chak aple pou konfese Jezi kòm mèt nou ak sovè nou, se pou nou sonje pou nou fè sa pou nou dirije premyèman avèk lanmou pou pwochen nou jan Kris te kòmande a.

Remak:

Pran Kwa Mwen

Lik 9: 23-27



Rev. Alex Shanks

The Florida Conference of the United Methodist Church

Mwen vle swiv Jezi. M'ap eseye fè sa depi kèk tan. Dezim pou m' fè sa Fò men swiv dezi ya se sa ki manke-m. Mwen kite lòt bagay pran devan , sa se konfesyon mwen .

Sa sa vle di pran kwa mwen epi swiv Kris la? Kouman pou m' bliye tèt mwen? Mwen reyalize se yon privilèj ke mwen ka menm poze kesyon sa yo. Genyen se fòse yo fòse yo pote kwa yo, eske George Floyd te rive bliye tèt li? Eske Ahmaud Arbery te rive ranmase kwa li? Mwen te gen privilèj pou m' te panse bliye tèt mwen epi ranmase kwa mwen san mwen pat pè ka gen moun kap kouri deyè-m.

Mwen konfese Jezi Kris, men mwen pa kwè mwen viv konfesyon sa a. Si ou ta kapab ekgzamine lavi mwen ou tap jwenn kèk bagay ki pa fè laglaw Bondye . Mwen konfese ke mwen bezwen sove non ak fòs pa mwen men avek fòs Bondye. Ou paka sove poukont ou, Men se pa sove tèt ou nan Jan Ameriken fè-l, jan Ameriken reve-l, èske se pat pou nou rale tèt nou monte ak mwayen pa nou? Gen yon lòt fason.

La kwa se yon Fason pou lage tout bagay, yon volonte pou obeyi a yon apèl, mwen vle fè sa nan pi bon fason mwen kapab. Move kote nan mwen , mwen gen antouzyas, Mwen vle menm pèdi vim' konsa m'ka jwenn ni nan gras BonDye.

Mo ki touche-m plis se “jounalye” , se yon aksyon chak jou avek yon angajman chak jou . Kouman pou sa fè rive chak jou? Kisa m'

8
me

ka pran kòm abitud pou ede m' fè eksperyans sa?

Gen yon travay pwogresyon kap fèt nan mwen. Nou tout nan pwogresyon sa a. N'ap viv nan yon mond ki swaf egzamp yon vi kap demontre lafwa tout bon vre. N'ap reve yon Legliz kote tout moun kapab grandi nan lafwa yo. Kote yo kapab swiv Bondye, bliye tèt yo, e kelkeswa sa l' koute pou yo pataje fwa yo ak lòt moun.

Kouman mwen kapab pa wont Kris la ak pawòl li? Viv lavi-m kòm yon temwayaj vivan pou tout moun? Kouman m' kapab bati yon Legliz kote yo ka fè konnen temwayaj Kris la? Pandan m'ap viv kòm yon manm nan kominote a, ak lanmou nan padon.

Remak:

semèn 2: gras

Rev. Dan Wunderlich
Lakeside UMC, Sanford

Pandan lane 2020 an, mwen te pase anpil tan nan Filipyen 4:13:” Nenpòt sitirasyon ki parèt devan mwen, map degaje-m, granmesi Kris la ki ban mwen fòs kouraj.”

Menm lè vèsè sa-a kout anpil, mwen te konnen li trè byen, mwen sezi koman vèsè sa-a gen fòs. Pandan lane-a ap avanse, Sentespri an banm evidans diferan mo, fraz, oubyen lide nan panse-m. Premyèman, mwen te atire pa “pouvwa sila ki gen tout fòs la.” Bondye va ba nou fòs ak volonte pou nou afwonte sa.

Le peyi a te kontinye fèmen an, epi nou trouve tèt nou ap selebre dimanch rezireksyon atravè media sosyal, atansyon nou te santre sou mo sa-a” mwen kapab sipote.”

Menm jan yon lè paste di li – marathon-a vin yon biathlon e answit yon triatlon paske pwoblem jistis sosyal la avek koze eleksyon-a vin fè lane an pi difisil. Mwen remake ke Sentespri a atravè Pòl, vi-n fè pasaj sa-a dakò avèk sezon sa-a. Nou kapab fè “tout bagay.”

Après, sa mwen vin remake nan fen lane a, mwe twouve m vrèman epwize. Menm jan ak anpil lot moun, mwen te fatige. Fatige avèk chagren. Fatige avèk enkyetid. Fatige nan pran desizyon ke mwen genyen pou m fè fas. Fatige pou-m wè tout bèl efò ke-m fè pa vo anyen.

Kote pwisans ak fòs mwen te dwe resevwa pou-m andire tout bagay sa yo? Si w ta vle jwe espiyèl Sherlock, tout bagay yo la. Pou pi espesyalman, sa ki pat la. Gen yon lè nan lavi-m, mwen te foki sou tout pawòl nan vèsè sa-a, men se te yon sèl mwen pat mete aksan sou li – se “degaje”. Mwen tap eseye andire tout bagay atravè tout lòt prepozisyon. Mwen kapab andire tout bagay sa yo pou Bondye. Tou pre Bondye. Nan non Bondye, nan yon batiman ki konsakre pou Bondye.

Evidans la te nan mwen menm paske mwen te foki sou lis bagay ki tap fatige m yo. Chagren ak enkyetid. M te manke klè nan desizyon m yo. Mwen te baze sou efo pa mwen ak sou kouman moun va jije-m.

Semen sa-a, nou devlope kesyon sa-a: Eske w mete tout konfyans ou nan gras la? Enbyen, atravè istwa ak refleksyon sa yo, ou pral riv wè kouman gras la jwe yon wòl enpotan nan lavi ak tewoloji Metodis Ini yo.

Nan fason ke nou konpran ak itilize mo gras la sifi pou nou kelkeswa sitiyasyon nou trouve nou swa nan lavi endividyel nou, oubyen nan kominote, nan nasyon ak atravè lemonn.

Men kesyon an, se pa mande si nou kwè nan pouvwa gras Bondye. Kesyon an se, eske nou mete konfyans nou nan gras Bondye? Oubyen anko, eske nou mete tout konfyans nou nan gras Bondye?

Pou travay Bondye rele nou chak la se chache moun pou yo rantre nan wayom an, kapab yon travay ki fatigan. Men lap pi fatgan pou nou toujou si nou eseye fè travay sa ak pwòp fòs pa nou – endividyèlman, oubye ansanm – san nou pa mete tout konfyans nou nan gras Bondye.



Eske w mete tout konfyans ou nan gras Bondye?

Pastè Jones te fè eksperyans de gras ke yon moun te eskzese an favè-l? Kilè w te rankontre yon moun ki te montre yon tèl gras an favè w?

Li 2 Korentyen 12 epi mete aksan sou vèsè 9 la.

- Kisa Pòl vle di lè li te ekri “*gras Kris la sifi pou ou*” paske lè w fèb, se lè sa a, moun wè pouvwa mwen nan ou”?
- Kouman ou konprann gras Kris la lè nou nan mitan yon feblès ki pwofon?

Pafwa, pou konprann kouman pou fè yon bagay, li pi bon pou nou komanse pa yon bagay ou pa konn fè. Men, kouman fè pafwa nou pa rive mete konfyans nan gras Kris la?

- Poukisa nou pa rive mete tout konfyans nan gras la pou lavi nou?
- Kisa ki kenbe nou - ki fè nou pa etann gras Kris la ak lòt moun?
- Ki relasyon ki eskziste nan de (2) repons sa yo?

Lè nou tout patisipe tou bon vre nan gras la epi lè nou tout mete tout konfyans nou nan gras Kris la, kouman nou wè kominote ke nap bati a?

Kouman gras la chanje legliz ke nap travay nan kominote a?

Gras Enfini

Efezyen 2:8-9



Rev. Corey Jones

Pasadena Community UMC, St. Petersburg

Ven lane pase mwen te nan lekòl segondè. Lè sa-a, mwen tap travay kòm kès anregistrè nan Winn-Dixie. Yon jou aswè mwen te jwenn yon liv chek epi m te vle retounen-l bay direktè makèt la; men mwen pat fè sa touswit. Kèk jou apre, 2 zanmi-m te antre nan magazen an pou yo achte. Sa te koute 9 dola. Le sa-a, mwen pran liv chèk la ki te genyen yon denyè chèk ladan-l, yo ekri yon chèk 300 dola. Apresa, mwen te remèt yo 291 dola ke nou te separe an twa.

Anviwon yon mwa, direktè jeneral rele-m nan biwo li. Non li se te Mesye Richardson. Li te poze-m kesyon sou zafè chèk la. Mwen te konfese sa ak li menm; men mwen te pèdi djob kachè a. Antouka, li pat rapote sa ak otorite leta epi li pat revoke mwen. Sepandan, li te chanje-m pozisyon. Li te voye-m nan departman pou m te estoke machandiz. Lè sa-a, mwen pat konprann grande decizyon sa-a ke m te bezwen anpil. Mwen te vini reyalize sa le mwen tap preche 15 lane apre grande gras ke mwen te jwenn lè sa-a. Kounouyea, sa vin edem konpran ak apresye gras Bondye plis epi sa ekszije-m menm pou m ofri gras sa a ak lòt moun tou.

Pafwa nou kapab asosye gras Bondye avèk yon aksyon izole ki te pase nan lavi nou, men gras Bondye pi fon epi pi laj ke aksyon izole sa-a. Gras Bondye a toujou prezan avan ak pandan tout lè nap profese lafwa nou nan Kris epi resevwa gras ki jistifye nou an. Gras sa-a, se gras ki te la anvan menm mond la te kerye epi se gras sa-a ki fè nou rekonèt lanmou Bondye ak verité li. Kounouyea menm, yon moun kapab repond ak gras sa-a paske se kado Bondye ban



nou pa lafwa. Nou li nan Efez 2:8-9,” Se pa lafwa ke nou sove pa mwayen gras Bondye”. Sali a se kado Bondye. Se pa yon bagay ou posede ni ou pat travay pou sa.

Gras Bondye ki jistifye nou an, travay an favè nou. Nou padone epi nap mache nan jistis Kris la. Pelerinaj kreyen nou komanse pandan ke gras ki sanktifye nou an ap travay nan nou pou-l fè nou grandi nan lanmou pou Bndye ak pwochen nou epi pou nou bay fri. Pandan rès lavi nou, lanmou pafè Bondye ap ofri gras li pou nou renmen lezòt yo.

Sa-m te remake, Mesye Richardson te resevwa gras Bondye a pou li; men li pat kenbe-l pou li sèl; li te etann li ak mwen menm. Sa te vin fè pati nan ministè mwen pou ka ofri gras la ak lòt moun tou. Sa-a, se yon travay pou -m kontinye konfye w nan gras Bondye pou-m fè travay li tou patou.

Remak:

Lanmou Bondye Demere

Romen 5:1-11



Stephanie Pizarro, Laity
Riviera UMC, St. Petersburg

Pandan m tap grandi, mwen te fè anpil avanti. Avanti sa yo te Mennen-m nan anpil lekòl, ak anpil senaryo de lavi nan kay. Bagay sa yo te vini avèk anpil defi, misyon, jwa, e defisi. Sa te fè pati de istwa lavi-m. Kom yon jenn, mwen te fin konprann pou ki sa Kris te mouri pou peche-m. Mwen te rejwi paske gras Bondye a se pou tout moun epi mwen rive jwenn li. Malgre tout traka ak viktwa, asirans gras la te toujou la.

Mwen te aprann bonè nan lavi a ke soufrans se yon bagay inevitab. Lè mwen te konfese lafwa m nan Kris, reyalite soufrans pat janm chanje. Si ta genyen yon bagay pou-m ta di, soufrans la te vini pi difisil lèm tap fè diferans ant lanmou san limit Bondye ak lanmou kondisyonèl ke li genyen pou fanmi m nan Kris. Avanti sa yo te pi danjere pase tout lòt yo.

Nan parabòl pyès lajan ki te pèdi a, Rev. Emy Kegler tap montre kouman lanmou Bondye kapab rive jwenn tout bagay ki cache nan fè nwa ak menm rive jwenn yon mouton ki te egare oubyen pèdi. Verite reyèl la se lè nou santi moun bliye nou oubyen yo mete nou de kote, ebyen lanmou Bondye an ak tout pasyans ap chache nou.

Pastè Kreger ekri: "Nenpot fidèl ki vini jwenn Bondye kraze oubyen toumente pa pwoblem mond sa-a, oubyen akoz pwoblem, eprè li jwenn nan legliz, kapab retounen vini jwenn Bondye pa lafwa, andepi de tout danje. Bondye se temwen nou nan sans sa a. Bondye wè pwoblem nou ak rekonèt lapenn ki nan ko nou."

10
me

Men eske lanmou sa-a efase sikatris nou? Eske gras inisyal Bondye a, ki gide nou nan pòt ak pòt pou nou tandè levanjil la, pwomèt nou la efase sikatris yo? Eske gras ki jistifye a pemèt nou sa tou? Oubyen eske gras ki sanktifye nou an, kap travay nan kè nou ak kap viv nan nou pa Lesprisen an, vle di nou pap janm fè mal ankò?

Non. Nan lavi nap mennen an, nou konnen tout fòm de doulò, soufrans ak solitud. Men, lanmou Bondye a toujou rete.

Nan ki fason ou lite pou kenbe fòs ou? Karaktè oubyen lespwa?

Kouman nou kapab grandi kon disip lè nou pataje istwa soufrans nou ak lòt yo? An nou gade moun yo – yo mete de kote yo. Men nou wè kote Jezi ale epi jwenn yo. Gen moun yo mete de kote – yon fwa yo antre andedan legliz lanmou Bondye an gen dènye mo. Lè nou gade LGBTQ yo – mo peche a lè li marye verité ak lanmou, yo wè se yon epe ki frape olye ke yo bay yon anestezi. Mwen santi-m tris ak sa epi dekouraje. Sepandan, mwen wè toujou yon limyè espwa ak lafwa nan yo; epi mwen vle agrandi limyè sa-a.

Lanmou jwenn nou kote nou ye a, epi li ankouraje nou pou nou akonpli pi bèl aksyon nan monn n'ap viv la dapre Pastè Kegler. Nan tout sa, soufrans la nou paka echape -l, epi li pa fè okenn diferans kote nou te fèt. Men, zanmi yo: gras ak Sentespri kap travay epi aji nan nou, kouman nou kapab fè pi byen?

Remak:

Degre Gras Bondye

Sòm 51



Rev. Jose Nieves

First UMC Kissimmee, Kissimmee

Mwen kapab imajine ki lapenn ki te nan kè Joab lè li ouvè lèt ke Iri li menm menm te pote nan men-l. (2 Samyel 11). Yon nonm ki deja mouri tap gade-l nan je. Pat' gen okenn dout ke se David ki te ekri lèt sa-a. Joab te konnen se te ekriti David. David sa-a, te vini yon lejand lè-l te touye gwo jeyan. Menm David sa-a ki te chwazi pou-l pa touye Sayil nan kav la akòz fidelite Bondye. Menm David sa-a, te prèt pou-l tann anpil lane anvan li te rive sou pouvwa wayal la. Se menm David sa-a, ki te abize pouvwa-l ak privilèj li lè-l te voye Joab fè travay mechan sa-a. Epi apres a li te komèt peche avèk Batcheba. David te voye Iri pou kouvri peche-l. Epi apres a se te tou pa Joab. Li potko pre pou-l te akonpli dezi David.

Sèl mwayen pou nou apresye degre gras Bondye anvè nou, se lè nou konprann degre peche nou. David, yon nonm selon kè Bondye, se te yon mètriye ak asasen. Se te yon kapon jiskake li te chwazi Joab pou akonpli vye dezi mechan-l lan. Batcheba te vini kòm byen, posesyon David. Iri te mouri pandan lap defann wayòm David la. Joab te vi-n chanje lè l te dekouvri mansanj David te fè. Nou wè ke David te kontinye ak lavi li san okenn regrè. Menm abilite Bondye te bay David pou-l te rezoud pwoblem konplike yo; se menm abilite sa-a li te sevi pou-l te komèt peche. Epi se la Bondye voye Natan kote David, epi li te konfronte David avèk pwòp peche l.


Petèt ou panse se yon bagay ki twò difisil pou kritike David. David te toujou rele David. Nou gen difikilte pou nou wè David kòm yon vye pechè paske nou panse gras Bondye te kapab yon anbara pou peche nou. Lè nou fayi pou nou wè David pou moun li ye reyèlman, nou vini konfonn istwa David la. Ero wa se pa David;

11
me

men se Bondye ki rachte David nan peche a. Se le nou wè David jan li prezante-l nan Som 51 vre, se lè sa-a nou kapab konprann trèbyen pouki rezon Bondye te kreye David.

“Gen pitye pou mwen, jan ou gen bon kè sa-a.” Se mo sa yo ke nou di lè nou bese tèt nou fas atè e nou rekonèt tò nou devan Bondye ki se sèl refij nou. Men kote moun fè plis peche a, se la favè Bondye a vide pi rès sou yo. Le nou pran dispozisyon sa-a, nou vi-n montre ke Bondye prèt pou retire tout move lide ki nan kè nou epi li mete bon lide nan tèt nou, pou nou ka kenbe fè-m.

Remak:



Gras Li Fè M' Retounen

Filipyen 1:3-6



Nancy K. Metz, Laity
Grace UMC, Cape Coral

Mwen sonje lè -m te batize, men pa pou rezon espiritiyèl. Manmanw se te katolik womenn li te ye. Papa-m, ki te Metodis, konn pran gran fre-m yo, Mennen yo legliz. Lè sa -a, yo te gen 8 lane. Lè se te tou pa mwen, yo te di-w se pou mwen batize. Lè sa-a mwen te mete pi bèl rad mwen te genyen. Mwen raple manman w pat' ale nan batèm nan. Kisa mwen te sonje? Dlo yo te vide nan tèt mwen an? Non. Konvesasyon sou koze batèm nan? Non?

Ale legliz tout tan te vini afekte lavi-m. Apre 18 lane, mwen sispann ale legliz jiskaske mwen gen 41 lane. Lavi mwen te vini tèt anba. Gen yon lè mwen pran pitit gason mwen-mwen Mennen li nan yon sèvis ekimenik nan legliz Cape Coral. Mizik yo tap jwe a te fè-m kriye. Mwen sonje yon bagay ke mwen te aprann lè mwen te piti-se te gras Bondye a.


Mwen te renmen Matye 1:1-17, kote yo pale entèl anjandre entèl. Akoz de tout mòd langaj sa yo, mwen wè te gen 14 jenerasyon. Tout preske se te gason ak selman 5 fanm. Men, mwen te ka sonje istwa yo. Tèl ke Tama: te vini fache, li te fè kolè; Batcheba: li te victim de kilti li; Rit – ki te yon mowabit; Jakob ki te yon tronpè paske li te vle akonpli pwop plan pa li; David ki te komèt adiltè epi se te yon mètriye. Kòm Gail Godwin di: "Bondye pa nesèsèman chwazi moun ki pi bon an oubyen pi save an pou akonpli plan l."

Gras Bondye fè-m tounen vin-n jwen li. Mwenpanse tout lòt moun yo tou – yo kontan paske yo wè-m tounen vini jwen Bondye andepi de tout fòt ak erè mwen yo nan lavi-m.

12
me

Mwen remesye tout kretyen sa yo kite nourri mwen espartyèlman, se kom eksperyans nan wout Emayis la avèk Jezi. Non yo ekri an grann manchèt nan Bib la. Atravè lavi yo, mwen wè pa mwen. Yo te sèlman la pou yo akonpli sa Bondye te rele yo pou fè. Se konsa, mwen mete tout konfyans mwen nan gras Bondye a.

Remak:



“Men Wout La, Mache Ladan-L”

Ezayi 30:18-21



Bill Walker, Laity
First UMC, Winter Park

Lè-m li Ezayi 30:18-21, mwen santi mwen touche lè-m wè konfidans ki genyen nan Lgras Bondye nan mitan pwoblem, advèsite ak afliksyon. Sanble pou mwen menm, nan jou sa yo, nou vrèman ap pataje penn advèsite ak dlo afliksyon.

Nan epòk nap viv nan peyi Etazini kounye-a, nanm nou divize ak rankin. Gen vwa kap di fè isi, fè laba, san yo pa chache gras Bondye ki ta fasilite yo jwenn vrè vwa avèk jwa ak lanmou. Gen anpil tou kap tande vwa radyo, televizyon, kap di se la pou nou fè kòm sitwayen. Men pawòl Ezayi a raple nou lanmou Bondye pou pitit li yo, menm lè gen lòt chemen ki kwochi, gen yon vwa kap di nou :”sa-a se wout la, mache ladann-l.”


Nan pwòp vi pa mwen, de jou an jou, mwen bay valè ak mesaj sa-a:”Rete Dousman paske mwen se Bondye”. Olye pou-m enkyete de ki vwa pou mwen pran, mwen aprann pou-m rete trankil, pou -m lapriyè, pou-m reflechi epi pou-m mete tout lot bri apa, pou mwen ka tande vwa Ezayi a kap mache dèyè mwen. Apresa avèk lafwa nan Bondye, ki se kòd lanmou li, map mache an avan. Li pi saj pou mwen pou m ekate m de tout lòt vwa ke map tande yo epi pou-m konfye tout bon nan vwa Bondye li menm, ki gen tout gras ak tout lanmou. Epi se vwa sa-a, ki dèyèm epi kap ofrim dousman vwa Bondye a.

13
me

Nan denye ane yo, mwen te gen privilèj pou-m te patisipe nan yon gwoup ki tap pale sou kouman pou yon sitwayen konpòte-l nan lavi sa-a. Nan yon sesyon ki tap fèt, gen yon vwa ki pale epi ki di:”An nou emab yonn anvè lòt”. Sa fè mwen sonje ak pawol Ezayi te di a:” malè ak move nasyon yo”. Pawòl ki te pwononse “ an nou emab yonn anve lòt” raple mwen ke kòm dwe ouvè pou lanmou pitit Bondye yo, ak gras ke mwen te resevwa kòm kado a pou m te ka fè fas kare ak vye chimen yo.

Nan jou kap vini yo, mwen pwomèt pou-m pi trankil, pou-m pase plis tan nan pawòl Bondye, pou-m chache tandè vwa li pi byen, epi ki ka ede-m konnen wout la.

Remak:



Mizerikòd, Pa Merit

Romen 3:21-26



Alejandra Salemi, Certified Candidate
Harvard Divinity School

Gras se yon tèm santral nan kwayans Metodis la. Nou genyen gras ki vini anvan nou te konnen li; gras ki jistifye a; gras ki sanktifye a. Se yon tèm ki pale toupatou. Men yo pa panse ak valè mo sa-a. Gras se lanmou Bondye atravè mizerikòd li. Se rekonèt tou ke Bondye renmen nou menm lè nou se kreyen ou pa. Gras se pa konsènan peche nou, men se dezi Bondye pou-l libere nou de tout bagay ki mal.


Nap viv nan yon mond ki mezire-l sou siksè, sou sa- l akonpli, sou prestij. Men menm jan mesaj pwofèt Ezayi yo ak Sovè a, mwen wè gras Bondye atravè sila kap reveye mond lan. Aktyèlman, mwen se yon gradye epi mwen se yon etidyan pandan sis lane. Bezwen gras la – pa selman pou padone-m; men pou-l debarase-m de tout vye chenn ki nan mond lan. Gras la fè-m rekonèt ke mwen pa bezwen genyen Bondye pou -m jwenn lanmou li.

Pandan nap avanse nan lane a, yon lane ki si difisil pase tout lòt yo, se pou ouvri kè w pou gras Bondye antre. Bagay yo ka pa jan nou te espere a; men an nou konfyè nou nan gras Seyè a. Lespri mantal nou ponko ka jwenn ekilib nan tan pandemic sa-a, men an nou mete espwa nou nan gras Bondye.

Mwe swete ke gras Bondye kouvri nou nan lane sa-a. Ke nou kap jwenn lapè ke nou merite a; e le mond sa-a vle kesyone w sou zafè eske nou se pitit Bondye, ann repoze nan gras la. Nou se yon moun ke Bondye renmen, libere epi ki gen valè. Kite gras Bondye raple de mizerikòd li ak lanmou li.

14
me

Remak:



Yon Nouvo Kreyasyon

2 Korentyen 5:14-21



Rev. Dr. Steve Harper, Retired

Mwen te gen privilèj pou m te konnen Dr. JC Mc Pheeters, dezyem prezidan nan Seminè Tewoloji Asbury. Li te la lè m te yon etidyan bonè nan lane 1970; epi li te toujou la lè m te vini anseye kòm pwofesè nan seminè a nan lane 1980.

Li te preche dènye mesaj li nan chapèl seminè a nan lane 1991. Pita nan lane a, li te vini paralize epi li pat janm refè ankò. Li te preche sou bagay nouvo ke Bondye kapab fè. Lè sa-a, li te gen 90 lane epi li te toujou panse ke Bondye kapab toujou fè bagay tou nèf. Mwen te vrèman touche pa mesaj sa-a. Mwen te kite chapèl la avèk espwa ke m va kontinye pale sou bagay Bondye kapab fè tou nèf.

Lè nou batize, nou konfye nou nan gras Bondye ki va travay nan lavi nou epi ki va louvre lòt pòt de gras nan lavi nou, tou. Menm jan E. Stanley di li: "nou menm kreyen nou toujou nan moult Bondye". Lè nou reponn ak gras Bondye, nou vini antre pi fon nan gras la pandan nap swiv Kris la. Bondye pa janm fini ak nou.

Nan pawol Pòl sou nouvo kreyasyon an, Pòl ap pale de yon nouvo eksperyans nan Kris. Se sa ki kondwi nou nan sanktifikasyon entye a; pou nou depouye nou epi pou nou mete tèt nou nan yon dispozisyon pou Bondye sèvi avèk nou.

Nan gras Bondye, nou jwi tout benefis ki asosye nan lanmou Bondye. Gras la travay nan nou pou-n avanse lafwa nou nan Kris epi pou nou kapab reziste ak tout tantasyon. Mwen fè eksperyans gras la ki transfòme m; mwen genyen 73 lane epi mwen kapab pale de gras sa-a ki banm jwa pou-m pale de bagay nouvo ke Bondye anseye m.

15
me

Yonn nan transfòmasyon Bondye pote nan lavi-m – se fason mwen te konsevwa LGBTQ yo. Pandan karèm 2014, tout bagay ansyen yo pase epi tout lòt yo vini nouvo nan lavi-m. Mwen wò moun sa yo kòm moun ki gen valè devan Bondye epi tou lavi yo konfòm avèk pratik ak anseyman kretyen. Menm jan lòt moun yo sèvi nan ministè kretyen yo; yo menm tou ansanm ak moun de sex yo dwe resevwa tout sèvis andedan legliz e sèvi nan tout travay nan legliz la.

Gras la montre-m ke Bondye kapab avanse ak LGBTQ yo. Mwen kontan lè m vini fè alye avèk LGBTQ yo. Bondye anseye anpil nouvo bagay pandan mwen vini gran moun. Mwen vini yon nouvo kreyati tout bon vre nan Bondye. Sa vini renouvle sakreman batèm mwen epi fèm reponn avèk gras Bondye ki vini transfòmem pou mwen aksepte LGBTQ yo.

Remak:

semèn 3: sèvi

Rev. Meghan Killingsworth
First UMC of Sanford, Sandford

Mwen te sove nan kwen Ri Brevard ak Bronough, nan Tallahassee, Florida, nan sezon prentan nan lane 2005. Anpil moun anplwaye langaj sa-a men nan fason diferan, se sak fè mwen vle klarifye sa m’vle di la. Nan ‘Grace Mission’, yon kongregasyon misyonè Episkopal, mwen te gen okazyon pou m’ te adore nan yon kongregasyon ki te gen yon divèsite ki pat fè pati eksperyans mwen. Anpil moun nan kongregasyon sa pat gen kote pou yo rete, pi fò nan yo se te moun nwa ak moun koulè mawon, kèk nan yo te etidyan nan kolèj, genyen kite fenk soti nan prizon, epi tou anpil pat kapab kite plas sa paske kote sate trè diferan. Mwen te aprann nan men zanmi-m yo nan ‘Grace Mission’ byenke mwen tap mache ak Jezi prèske tout la vi-m, pou yon rezon kèlkonk mwen pat konnen JEZI byen. Bondye te revele patikilyèman nan lavi nonm pòv gason ki pat menm gen yon kote pou l’dòm. Mwen te batize lè m’te gen uitan (8), epi mwen te konsakre lavi mwen bay Jezi nan yon kan dete, men lafwa mwen te fòme nan lantiy yon Blan Ameriken ki nan Klas Mwayèn nan ki kapab fasilman manke koneksyon ki egziste ant lafwa nou ak lavi piblik nou. Mwen te aprann yon doktrin ki te baze plis sou “ede tèt ou e syèl la va ede ou olyé deklarasyon Lik 4:18 la ki di “Li chwazi m’ pou m’ anonse bon nouvèl la bay pòv yo. Li voye m’ pou m’ fè tout prizonye yo konnen yo lage, pou m’ fè tout avèg yo konnen yo kapab wè ankò, pou m’ delivre moun y’ap maltrete yo” Bondye Labib la te sove-m pandan mwen te fè pati kongregasyon ‘Grace Mission’ an Bondye Labib la te libere-m de mòd lafwa sa ki te pwomèt mwen syèl la pita men ki pat panse a eksperyans lanfè anpil moun t’ap fè kounye, Se te pou premye fwa mwen te gen zòrèy pou m’tande nou pa sèlman libere anba peche men tou nou libere pou nou travay pou mission Bondye nan monn lan.

Sé sa Apot Pòl ékri nan Romen 6. Li louvri chapit la ak yon espplikasyon kouman lanmò Kris ak rezirèksyon li sove nou anba peche. Li di : “ Peche pa dwe donminen sou nou, paske nou pa anba pouvwa lalwa Moyiz la ankò, se anba favè Bondye a nou ye. (6:14).” Li koumanse esplike kouman nou libere anba —peche, lanmò, ak esklavaj nou te gen nan jan nou te abitye viv la. Pi lwen, nan vèsè 15 lan li chanje konvèsasyon-an. Pòl eksplike Romen yo aki nou menm tou, Bondyé pa sèlman sove nou anba peche, men tou li sovè nou pou-n mennen yon lavi ki dwat. Nou sove pou nou kapab sèvi Kris epi viv yon lavi ki dwat. Ki kalité sakrifis Bondye mande nou ? Sa sa vle di yon lavi ki dwat? Men sa Miche di: “ Seyè a te moutre ou sa ki byen. Tou sa li mande ou, se pou ou fè sa ki dwat, se pou ou gen kè sansib nan tout sa w’ap fè, se pou ou mache san lògèy devan li.”(6:8). Jézi fè n’ sonje “ Poukisa nou pa ba yo manje nou menm pito” (Mak 6:37).

Si nou koute ak anpil atansyon, n’ap wè pwofondè apèl pou nou sèvi Bondye ak pwochen nou repete nan yon fason konkrèt pwomès nou te fè lè nou tap batize a. Nou rele pou nou konfese Kris kòm Sovè nou, epi mete tout konfyans nou nan gras li, epi nou pwomèt pou nou sèvi li kòm Seyè nou. Si Kris se Seyè, donk orè nou, finans nou ak alejans politik nou dwe relete reyèlman ke nou kwè Li se laverite ak lavi. Si Jezi se Seyè, donk jan li te konn viv — li pat ezite fè moun anchaj yo fache pou yo ka chanje yon move sitiyaasyon, goumen pou moun y’ap maltrete yo, bay sila ki grangou yo manje, bay atansyon a sila yo ki otreman t’ap rete ina – ta dwe yon modèl pou nou. Nou pa sèlman libere pou nou soti nan lavi nou te kon mennen an, men tou nou libere pou nou swiv chemen Bondye a koulye-a menm.

Pouki sa Bondye libere nou? Ki kote Bondye ap dirije nou pou-n kapab wè bagay yo yon lòt fason, epi tou pou-n kapab sèvi ak tout kè nou. Ki kote Bondye mande pou n’ kopere nan travay pou libere prizonye yo, oswa pou demare kòd sila yo ki nan lesklavaj yo? Kòm Metodis nou rekonèt pou dokrin nou ki youn apèl pou nou mennen yon lavi ki sen nan kè nou ak nan kondwit nou. Sonje Bondye dlivre nou anba peche, se pou nou kapab lib nenpòt lè ak nenpòt kote nou ye, pou n’fè travay wayòm nan koulye-a: meten yon fen ak povrete, goumen pou jistis pou tout ras, asire pwochen nou yo jwenn manje, epi rankontre Jezi nan prizonye yo ak moun ki oprime yo.



... pwomès pou ou sèvi li kòm Seyè ou

Èske ou kontinye fè moun “pwomès” jodi-a?

Ki lè yon lòt moun te sèvi ou? Kouman ou te santi ou lè sa ?

Nan ki fason dézi ou pou sèvi yon lòt moun chanje relasyon ou ak moun sa?

Li Jan 13 ak istwa Jezi k’ap lave pye disip yo.

- Kouman ou santi-w lè ou wè Jezi bese epi li pran pye-w pou l’ lave yo?
- Kouman aksyon sa-a Jezi fè-a chanje fason ou konpran mo « Sèvitè » a?
- Kouman legliz la sèvi Jezi kòm Seyè nan kominote-a oswa avèk yonn lòt? Ki diferans ki genyen (ou ki pa genyen) ant “konfese Jezi kòm Sovè ak Seyè” ak “pwomès pou w sèvi Jezi kòm Seyè”?
- Nan ki fason sèvi Jezi kòm Seyè chanje rapò ou ak lòt moun?
- Èske ou panse sa te difisil pou Jezi te lave pye Jida oswa Pyè?
- Ki sa pwomès pou sèvi vle di pou ou lè ou panse a sila yo ki, pètèt, te trayi ou ? oubyen pou sila yo ki renye ki moun ou ye? Kijan yon legliz k’ap sèvi moun sanble jodi a ?

semen 3:

Men Jezi Ak Pye-L

Matye 5:1-16



Rev. Dr. Pamela Green

Trinity and New Hope UMC, Lake City

Mwen reyalize sèvis se yon bagay ki soti nan kè nou. Pandan n'ap fòme epi transfòme nan imaj Kris la, nou grandi nan Sentete nan kè nou. Se nan mitan transfòmasyon sa-a nou devlope yon gwo dézi nan kè nou pou n' sèvi olye pou n' chache lòt moun sèvi nou. Sèvi lòt tounen lajwa olye yon fado.

Nan fason Sentespri-a enspire sèvis la, se yon bagay ki ale alankont ansèyman monn lan. Fè sèvis pou Seyè-a se pa yon bagay ki imilyan, men se yon onè ak yon privilèj pou n' sèvi Bondye nan jan nou sèvi lòt moun. Atravè tout ministè li, Jezi te sèvi lòt yo. “Paske menm mwen moun Bondye voye nan lachè a mwen pa vini pou moun rann mwen sèvis, men mwen vini pou m' rann moun sèvis. Wi, mwen vin bay la vi-m pou peye delivrans pou anpil moun. » (Mak 10:42-45, Matye 20:25-28, Jezi pat vini pou moun te admire-l ni pou moun te onore-l, men li te vini pou l'utilize pouwva diven ak pwisans enfini li a pou sèvi lòt moun pou laglwa Bondye.

Pi plis ankò, lè nou sèvi lèzòt, nou tounen men ak pye Jezi Kri sou tè-a. Se revelasyon ki te fò epi enb an menm tan lè mwen te rekonèt kouman Kris t'ap travay atravè mwen, menm mwen menm tou. Mèsi Bondye pou lagras! Eske ou sonje nan ki moman ou te rekonèt ou se men ak pye Jézi? Pi enpòtan toujou, èske ou sonje moman lè ou te vin konpran réyalite: lè w sèvi lòt yo se Seyè-a ou sèvi?

16
me

Pawòl la di “Mwen te grangou, nou ban m' manje; mwen te swaf dlo, nou ban m' bwè. Mwen te lwen peyi m', nou te resevwa m' lakay nou. Mwen te toutouni, nou te ban m' rad. Mwen te malad,

nou pran swen m’; mwen te nan prizon, nou vin wè mwen. Lè sa a, moun ki te fè byen yo va reponn li: Mèt, kilè nou te wè ou grangou pou n’ te ba ou manje? Kilè nou te wè ou swaf dlo pou nou te ba ou bwè? Kilè nou te wè ou lwen peyi ou, pou nou te resevwa ou lakay nou? Osinon toutouni, pou n’ te ba ou rad? Kilè nou te wè ou malad, osinon nan prizon, pou n’ te al wè ou? Wa a va reponn yo: Sa m’ap di nou la a, se vre wi: chak fwa nou te fè sa pou yonn nan pi piti pami frè m’ yo, se pou mwen nou te fè li.” (Matye 25:31-40)

Bondye rele nou pou n’ sèvi lezòt yo, epi tou pou nou vin yon wòch sekou pou nou ede monn lan. Yon wòch sekou pou tout moun – pou nou gide monn lan pou l’soti nan fè nwa, pou l’vin nan limyè. Lè nou fè sa, nou va vini tankou yon pwolonjman ministè sèvis Jezi Kri-a sou latè sa pou transòmasyon kè nou ak transfòmasyon monn lan.

Remak:

Nenpòt Moun Ki Vle Vin Gran Dwe Yon Sèvitè

Matye 20:20-28



Lucas Bonates, Clergy

First UMC of Coral Gables, Coral Gables

Mwen te gen diznevan (19) konsa lè-m te patisipe nan premye reyinyon pou lidè nan legliz mwen. Mwen te pasyone anpil pou lavi legliz la, epi m'te vle konnen kouman tout bagay tap mache, kouman yo te pran desizyon yo, epi tou kouman m' ta kapab ede. Mwen te sezi lè m' te tandè yonn nan lidè yo te sigjere se sèlman manm legliz la ki ka marye nan legliz la epi si madanm nan oswa mouche-a se manm nan yon lòt relijyon, nou pa dwe fè maryaj sa-a. Mwen te sezi anpil.

Èske n' dwe panse nou pi bon pase lòt moun poutèt nou se Kretyen? Èske nou dwe kwè Bondye renmen nou plis pase jan li renmen lòt yo? Men si Jezi pat "vin rele moun k'ap mache dwat devan Bondye, men moun k'ap fè sa ki mal yo," (Matye 9:13) pouki sa nou vle bati miray pou kenbe pechè yo lwen Jezi? Lidè sa yo te entoleran, se pa jan temwayaj sa yo Bondye rele nou pou n' ofri monn lan kòm Kretyen.

Anpil fwa nou wè moun ap aji tankou yo pi bon pase lòt yo ; tankou yo espesyal, tankou yo se V.I.P (Moun ki Enpòtan Anpil). Menm apot Jak ak apot Jan te mete atansyon sou ran sosyal ak pouvwa kèkfwa.

17
me

Men, ansèyman Jezi yo pwente klèman nan yon lòt direksyon, paske li di "Nenpòt moun ki vle leve pwòp tèt yo dwe yon sèvitè." Jézi envite nou pou nou mache nan chemen imilite, nan diyite ak sèvis.

Nou pap kapab sèvi ni renmen okenn moun si nou pa panse yo gen menm valè ak nou. Nou pa ka renmen ni sèvi Bondye si nou pa renmen vwazen nou epi sèvi yo, kèlkeswa kimoun ki vwazen nou an.

Bondye envite nou pou n' renmen pwochen nou yo tout bon. Kouman ? Nou dwe pwoteje sila yo ki demini, nou dwe kanpe bò kote sila yo kap souffri. Nou dwe sipòte frè nou ak sè nou yo nan lit kont rasis ak enjistis sosyal.

An nou pran rezolisyon pou n' chache fòs espirityèl ak direksyon pou n' renmen pwochen nou epi sèvi yo. Si nou fè sa, nou va montre nou renmen epi n'ap sèvi Bondye. Lè nou fè sa nou aji tankou yon Kreyen.

Remak:

Dènnye Yo Va Vin Premye

Mak 10:42-45



Rev. Drew Weseman

Memorial UMC, Fernandina Beach

Kontèks pasaj sa-a te toujou komik pou mwen. Jak ak Jan tap fè mannèv pou pozisyon nan Wayòm Bondye-a touswit apre Jezi te fin dekri Wayòm nan tankou yon kote “anpil moun ki te premye gen pou yo vin dènnye, sa ki te dènnye yo gen pou yo vin premye” (10:31). Kòm yon moun ki renmen konpetisyon, mwen konprann dezi you moun pou l’vin premye. Sila yo ki genyen oubyen ki okipe plas ki pi enpòtan yo, se yo menm ki gen plis enflyans. Moun tandè sila yo ki nan gwo pozisyon epi ki gen onè. Kòm yon moun ki vle lòt moun tandè-m lè m’ pale, gen yon gwo presyon pou m’kouri dèyè siksè. Men okenn anbisyon pou pwòp benefis nou ak laglwa pou nou, pa konsistan ak jan yon disip Jezi dwe viv.

Nan Levanjil yo, Jezi dekri yon lòt fason pou nou viv nan monn lan. Nan nouvo fason sa nou renmen, olye nou rayi ; nou envite lòt moun olye nou eskli yo, epitou nou bay olye nou kenbe tout pou nou. Jezi rele disip yo ansanm pou yon lòt konvèsasyon sou Wayòm Bondye-a.

Nou konnen kijan lòt disip yo te fache kont de (2) frè yo pou tantative yo te fè pou eseye pran pouvwa. Pètèt disip yo te ankolè paske yo te gen fristrasyon poutèt yo pat konprann pawòl Jezi yo. Men mwen sispèk se jalouzi ki te anpare yo paske yo pat gen tan mande pozisyon an anvan de(2) frè yo. Jezi te konnen sa, se sak fè l’te koumanse montre diferans ki genyen ant Wayòm li a ak jan monn lan aji. Nan Anpi Romen an, lè yon sitwayen te gen bon koneksyon, sa te ba li dwa ak privilèj yon moun konsa konsa pa ta ka menm imajine. Si yon moun pat

18
me

respekte koutim sosyal yo, li ta sibi konsekans ki grav. Ep si yon moun ta ale alankont yerachi sosyal la, sa ta ka koze lanmò li.

Monn nap viv la pa twò diferan. Sosyete nou-an toujou bay sitwayen Ameriken valè sou sila yo ki pa gen papyè, menm jan tou yo bay sila yo ki gen koneksyon politik yo plis valè pase sila yo ki nan nesosite. Pandan Black Lives Matter (Lavi Nwa yo Konte)), #MeToo (Mwen menm tou), ak lòt mouvman ki gen pou wè ak jistis ap parèt sou sèn nan, pouwva nan peyi Etazini vin baze plis sou ras, sèks, orientasyon seksyèl, anplis richès ak klas sosyal.

Kisa mesaj Jezi-a di legliz nou an jodi-a? Nan kontèks sa sèvitè vle di fè yo tande vwa Nwa yo epi tou sipòte biznis ki pou minorite moun yo. Sèvitè vle di tou pou nou poze kesyon sou diferans ki genyen nan salè anplwaye nan legliz nou ak nan travay nou. Twò souvan, se moun ki afekte yo ki kòmanse jan konvèsasyon sa yo. Poutan, nan Wayòm Bondye-a, sila yo ki “anlè” gen responsablite pou pwomote ak ankouraje sila yo ki “pi ba.” Lè nou aji konsa, nou swiv ekzanp Jezi pou nou pa konsidere pozisyon nou tankou yon avantaj pou n’ te chache kenbe ak tout fòs nou. Okontrè Bondye rele nou pou n’bese tèt nou, pou nou tounen yon domestik pou n’sèvi sila yo ki pi ba nan lechèl sosyete a, pou n’ pèmèt vwa yo kondwi nou nan Wayòm kote Jezi envite nou tout.

Remak:

Sèvis = Lanmou

Romen 12:9-18



Grace Stiles Williams, Laity
St. Luke's UMC, Windermere

Sèvi Seyè-a. Sa sanble yon deklarasyon ki senp. Sèvi Séyè-a!

Pran yon moman pou ou reflechi sou ki sa Sèvi Seyè-a, vle di pou ou. Eske se aji an bon volontè Èske se bay lòt moun manje? Èske li fè ou panse ak Jezi k'ap lave pye disip yo ? Pètèt sèvis pou ou se peye ladim chak semèn, oswa dirije yon ti gwoup san yo pa fòsé w fè sa. Pèsonèlman, paske mwen te grandi nan kè Orlando nan mitan amizman pak yo, mwen te konsidere sèvis tankou travay nan endistri ospitalite ak touris. Nan sans sa-a, sèvis se kenbe kliyan yo kontan , ranje ak desèvi tab, ranje kabann, kondwi moun, epi ofri lòt bon bagay avèk yon souri. Satisfaksyon Kliyan yo, se sa ki pi enpòtan nan endistri sa-a, menm si se odepan sila k'ap travay yo. Sèvi, kit se avèk fyète, kit se avèk chagren ,endike moun ki ap sèvi okipe yon pozisyon ki pi ba pase moun k'ap resevwa aksyon an. Sèvis se yon tranzaksyon ki ale nan yon sèl direksyon.

Men, lè Labib rele nou pou n'sèvi Seyè-a, apèl sa fèt avèk lanmou kòm baz li. Nan lèt Pòl ekri Romen yo, li ekri nan chapit douz (12) sou sa ki siy yon Kreyen tout bon. Pòl dekri ki fason nou dwe sèvi, se pa nan yon aksyon espesifik tankou bay moun manje oswa lave pye yo, men sèvis fèt pou baze sou lanmou. Manm legliz yo dwe pou yo jwen lajwa nan lanmou yo gen pou lòt moun, kenbe fèm sa ki byen, epi rejte tout sa ki mal. Pòl di yo se pou yo pataje ak pèp Seyè-a, pratike ospitalite, beni menm sila ki ap pèsekite yo, epi tou pou yo mete tout fyète sou kote pou yo ka asosye yo ak sila yo ki okipe pozisyon ki pi ba yo.

19
me

Pou Pòl, sèvi lòt yo se yon jès lanmou sensè. Li pa fè pati yon tranzaksyon komèsyal, kote ou ap tann pou Bondye beni ou pou sèvis ou. Men, lanmou ant Kris ak moun kap suiv li yo se yon bagay resipwòk : Kreyen rete fèm nan Kris, epi Kris rete fidèl ak tout monn lan. Pòl ékri lèt sa-a akòz batay ki te genyen ant Kreyen Jwif yo ak Kreyen Payen nan legliz Ròm la. Kreyen Jwif yo te di swiv lwa Tora yo, tankou obsève lalwa, kenbe Saba epi pratike sikonsizyon fè pati swiv Kris. Kreyen Payen yo te rejte lide sa yo. Yo te di obsève lalwa pa bay Sali se sèl lafwa nan Jezi ki bay Sali. Animozite sa-a te vin tèlman fò nan mitan Legliz la, sa te pouse Pòl ekri sa nou li kounye a kòm lèt Pòl pou Legliz Romen an. Deskripsyon li bay sou siyifikasyon viv nan Lanmou Kreyen se yon apèl pou inite nan mitan de (2) kan yo. Sa ki mak yon vrè kwayan se pa ni lafwa sèlman ni swiv lalwa sèlman – Se pito fason ou trete yon lòt moun.

Menm pwoblèm sa yo ki te ekziste nan legliz Ròm nan kontinye ap kreye nwizans nan legliz jodi a. Nou kontinye ap diskite ki moun ki merite anndan ak ki moun ki dwe deyò. Nou ap eseye bouche twou ki krake kominote ki ta dwe baze sou lanmou an, ak mesaj ki di konbyen Bondye renmen nou anpil, men nou kite pati esansyèl nan bib la ki egzije pou nou moutre kouman nou renmen lòt yo. Sèvi Seyè-a vle di viv avèk anpil lanmou! Se etann bra louvri Kris la bay tout moun. Pou Pòl, sa te vle inite ant Kwayan Payen yo ak Kwayan Jwif yo. Pou jounen jodi, sa vle di legliz la dwe etann lanmou bay tout pitit Bondye yo. Apèl pou'n sèvi nan lanmou dwe touche tout frè nou ak tout sè nou yo kèlkeswa kote yo ye nan lavi-a, epi nou fèt pou'n sèvi yo tout nan lajwa ak nan lanmou Kris la.

Remak:

Louvri Tout Pòt

Jozye 24:14-24



Emily Ann Zimmerman, Laity

First UMC, Orlando

Nan lekti Jodi ya Bondye ankouraje nou pou nou sèvi Li, sèl Seyè Bondye nou, nan anken lòt. Sèvi Seyè a vle di pa kite anyen separe-w ak Bondye. Sèvi Seyè a vle di sèvi pèp Bondye ya. Bondye rele nou pou n' sèvi yonn lòt espesyalman sila yo ki oprese, pou n'ofri yo jistis ak lapè. Nou rele pou nou chache wè figi Jezi nan figi lòt yo.

Nou se yon Legliz ki louvri pòt pou akeyi sila yo kite deyò. Pandan lavi Mwen mwen fè eksperyans pòt ouvè sa a pou premye fwa ak moun koulè ki manm, kap patisipe e kap dirije nan Legliz la. Se te yon tan difisil epi te gen divizyon. nan Legliz pa mwen nan St James nan Palatka, gwn yon gwoup ki te ale epi yo fè pwòp Legliz endepandan yo. Men Legliz Bondye ya li te louvri e li louvri pou tout moun, tout koulè, tout nasyon. Legliz apwoche nou ansanm yonn ak lòt pandan n'ap viv e sèvi ansanm.

Mwen pa menm vle panse a kisa n' tap pèdi si pòt yo pat louvri pou mwen pèsònèlman, pou Legliz la, men pi enpòtan toujou pou wayòm nan.


Pandan nap apwofondi angajman nou a Jezi, konviksyon nou sou Jezi ak lagras pouse nou pou n'aji ak jistis e mizèrikòd. Mwen wè opòtinite pou Legliz la louvri pòt li yo pi laj pou li vin yon Legliz ki gen plas tout bon tout moun. Gen moun ki deyò yo kap plede pou nou kite yo antre. Legliz se yon kote pou pòt yo louvri. Nou rele pou n' ofri lapè ak lajistis, pou nou sèvi tout moun epi kite tout moun sèvi nou.

20
me

Lespwa mwen pou Legliz la epitou pou monn nou an, se pou gen jistis pou tout moun e ase pou chak moun.

Pandan katrevendis (90) lane mwen fè pati bèl Legliz sa, nan kongregasyon ki tou piti menm jan nan kongregasyon ki byen gran. Mwen renmen legliz sa anpil e mwen gen gwo lespwa l'ap kontinye sèvi monn lan.

Remak:



Pran Swe Sila Yo Ki Piti A Nan Mitan Nou

Matye 25:31-46



Rev. Dr. Jon Tschanz
First UMC, Winter Park

Pasaj ki mete plis aksan sou dènnye jijmam an pa mansyone bagay nou menm, entansyonèlman ou san nou pamenm pran konsyan, jije lòt moun sou yo tankou: richès, estate sosyal, ras, kilti, sèks, popilarite, abilite oubyen adiksyon. Labib revele jijmam baze sou jan ou te konn sèvi . Lè yon renmen lòt moun ou sèvi Bondye

Nan Levanjil Matye Jezi di nou, lè Pitit Moun nan vini nan laglwa li, li pral separe pèp la separe an de gwoup, sila yo ki va eritye wayòm nan se sa yo ki te konn pran swen sak pi piti yo: tankou sak touni, swaf, grangou, malad yo ak sak nan prizon yo. Sila yo ki pat fè bagay sa yo se yo ki pral jije. Sa montre yon koneksyon ant renmen pwochen ak renmen Bondye

Lè nap viv nan yon kilti kote chak koukouy klere pou je-w, souvan nou panse libète vle di fè sa nou vle san nou pa gen okenn konsiderasyon pou lòt moiun. Men libète nan Kris la sé libète pou n' renmen tout pwochen nou yo.

Jistifye = Mennen yon vi ki Dwat = Renmen pwochen = Renmen Bondye

Se pa jistifye tèt pa-w, okontrè se yon jistifikasyon ki baze sou kominote kote pèsonn paka viv yon lavi dwat si gen moun nan kominote ya kap souffri. Ou pap janm ka jistifye tèt pa'w si vwazen-ou gen bezwen, pèsonn pa jistifye tou toutan tout moun pa jistifye.

21
me

Nan Legliz Metodis lè nou tap batize, yo te mandé nou: “Èske ou pwomèt pou sèvi li (Jezi) kòm Seyè ou?” Yon lòt fason nou kapab di sa: Èske ou pwomèt pou travay pou jistis pou tout kominote a olye pou jistis pou tèt pa w? Èske ou pwomèt pou ou renmen tout moun kòm prèv ou renmen Bondye?

Si nan Legliz Metodis Ini an nou kwè batèm nou tranpe nan lagras ak lanmou san kondisyon, poukisa nou konsidere tèt nou tankou moun ki jistifye , épi nou rejte lòt moun tankou yo pat janm batize nan menm dlo ki antremele ak lagras la? Jezi ap fè nou sonje nou dwe sèvi Seyè-a pou-n ka konprann tout bon ki sa jistifye vle di.

Bondye vin jwenn nou tankou pwochen nou yo. Se sèlman nan yon kominte ki baze sou jistis nou kapab kenbe pwomès nou, yon pwomès poun’ sèvi sila ki pi piti yo, yon pwomès pou nou renmen epi aksepe tout pwochen nou epi sèvi Jezi kòm Seyè nou.

Remak:

Sentete Sosyal

Miche 6:8



Elizabeth Preston-Hughes, Laity
College Park UMC, College Park

Sali tout fanmi kwayan nou yo,

Depi Dimanch, nou tap revizite ansèyman nou jwenn nan Matye, Mak, Romen ak Jozye. Mesaj nou jwenn an Miche 6:8 jodia sèvi kòm you bon rezime pou leson sa yo.

Vèsè sa tou kout, men sa pa diminye enpòtans li. Okontrè Miche pale de bagay ki sèvi kòm fondasyon abilite nou genyen pou n' viv ankominote kòm kwayan, men tou koòm moun.

Se sou poto kwen Jistis, konpasyon ak imilite prensip sentete sosyal mouvman Wesleyen an bati. Dr. Susan Henry-Crowe ki se yon lidè nan Legliz Metodis Ini-an, fè yon rezime an profondè nan koneksyon prensipal sa a ki konekte idantite dominasyon nou an. Li di: Sentete Sosyal se yon prensip ki patikilye a Metodis. Manm Legliz Metodis Ini yo gen yon gwo angajman ak sentete sosyal. Se yon bagay ki nan san nou. « Se tankou ADN nou! »

Metodis onore apèl nou pou sentete sosyal nan jan nou rankontre lezòt yo kote yo ye a epi fè trajè a ak yo. Peye atansyon ak apèl sa fè nou konprann se pa tout moun nan sosyete 21nyèm syèk la ki anbrase DNA sa a Dr. Henry-Crowe te mansyone a. Pèp Izrael la nan Miche sanble anpil ak popilasyon nou jodi-a ya nan. Pèp Izrayèl la te espere kalme Bondye avèk sakrifis sipèfisyèl yo t'ap ofri yo. Men labib by esplikasyon klè sou kisa Bonsye ap tann nan men yo." Non

22
me

monchè. Seyè a te moutre ou sa ki byen. Tou sa li mande ou, se pou ou fè sa ki dwat, se pou ou gen kè sansib nan tout sa w'ap fè, se pou ou mache san lògèy devan li.”

Chanje fason n'ap viv mande yon travay anpwofondè. Nan yon sosyete anpare ak divizyon ras ak politik anplis gwo enpak pandemik la gen sou ou, kijan pou nou demontre ekzanp sèvis sen an, nan yon nivo Pratik, tankou yo sèvis ki soti nan kè nou.

Pèsonèlman mwen te fè eksperyans kèk bon moman nan ansèyman sou sentete sosyal. Madam mwen avèk mwen, resamman te al rete Cocoa Beach pou yon ti bout tan. Pou premye fwa nan 50 lane mwen yo, mwen te “nouvo ti moun nanyon bòk”, sak te fè nou pi sousye se sam' te mansyone anvan an: divizyon politik la. Li te klè, te gen anpil divizyon nan nouvo kominote nou an. Angiz nou the adopte yon atitud animosite, nou te adopte yon radikal ospitalite, jantiyes, jistis pou tout moun. Rekonpans la te anpil. Nouvèl eksperyans sa a - rete sèlman 64 kilomèt nan areakòd mwen te fè lontan ap viv la – menm lè mwen te santi-m tankou yon etranje. Eksperyans sa te entwodwim tou a pouvwa gerizon, mizèrikòd ak imilite, by tout moun ki sou rout mwen “benefice du doute” menm jan Jezi te fèl'. Sa te fèm sonje tout posesyon materyèl gen pou retounen nan pousyè, asa ki va rete se aksyon mwen ap pwomès mwen pou m'sèvi li.

Jodi ya eske lòt moun wè angajman nou pou jistis, konpasyon ak imilite lè yo gade nan je nou?

Remak:

semèn 4: legliz

Rev. Dr. Sharon G. Austin

The Florida Conference of The United Methodist Church

San yo pa menm reyalize sa Kòm nouvo paran, Manman m' ak papa m' te banm syon kado, kòm pat konprann, yo beni lavim' ak tout kalite teoloji. Mwen te batize nan yon Legliz endepandan nan New York ki te tou pre Lakay nou, mwen grandi nan yon Legliz Luteryen, mwen Toujou konnen mwen te baptize pandan mwen te tou Piti.

Kèk ane apre fanmi m' deside retounen nan Vil natal yo ki se Florida. Grann mwen yo tou de te vè, fanmim yo al rete tou pre grann mwen bò manman, mwen pran devan fanmim' yo mwen afilye ak yon Legliz Batis kote grann mwen te yon lidè byen koni. Mwen rantre Lakay mwen ak yon nouvèl ki choke fanmim' yo Lè pastè Legliz la mandem' poum' plonje nan dlo pou batizem; nan Lesprim' se Rebatize, mwen te trouble e blese, mwen renmen Jezi mwen pa menm sonje depi konbyen tan mwen aktiv nan Legliz, nan tout aktivite jenès, Lekòl Dimanch, lesson Bibliik pandan vakans, mwen gen non marenn ak parenn si yen nan batistèm', li di byen klè mwen te batize nan non Papa, Pitit ak Lespri Sen. Gen yon erè ou kote!, esplikasyon Grann mwen ban mwen se yon bagay ki plis sanble "kalite Kont kalite" li sanble sa opinyon ou fèw kwè. Erezman Fanmim yo te ofrim yon esplikasyon mwen renmen.

Ironi souvan swiv ironi, yon ane apre papa m' te reponn apèl poul vini yon pastè, menm Jan mwen fè 7 ane apre. Nou tou de te òdone pastè nan Legliz Batis, Papa-m te òdone nan Legliz "National Baptist", epi mwen the òdone nan yon doub alyans ak National Progressive and American Baptist. Mwen aprann anpil bgay nan mitan sikatris mwen yo lè t'ap pale ak lòt moun, e sou souvni mwen Genyen,

Sou fason mwen te leve, e dezim' mwen genyen pou m' envite lòt moun pou rete nan inyon ak Legliz. Mwen konseye moun sou gras BonDye kap travay nan lavi timoun ak nan lavi gran moun pou pataje lafwa yo nan yon Lespri ki diferan ak Jan Batis kwè li "Batèm vini apre konvèsyon" Mwen tandè e reponn avek gras tout konvèsasyon ki konsène metòd Batis, kote aspèsyon oubyen Voye dlo, afizyon oubyen vide dlo pa rekonèt kòm Batèm sèlman imèsyon oubyen plonje nan dlo.

Malgre m' renmen BonDye, m'ap grandi e Sèvi pou kòz Kris, kòm yon jenn disip, kouvri anba pouvwa Lespri Sen nan inyon avek Legliz, *mwen santi danje toupre, poum' deyò Legliz* la Se tankou yon mak ki grave nan lavim' kòm yon kreyen. Avek tristès mwen vin konnen kefwà (jan yo konprann e entèprete) kòm yon fi ki òdone pastè nan yon Legliz Batis; Malgre mwen te òdone, se yon reyalite genyen ki pa Janm padonem' oubyen padone Legliz la sa. Pita apre sa mwen te fè eksperyans reyalite nan sèvis lèm vin nan Legliz Metodis kòm yon pastè Fanm Nwa, kote anvan m' fè yon erè li parèt tankou pi gwo peche m' te fè lèm te di wi pou apwentman an epi ale nan travay mwen.

Wi, nan tout eksperyans sa yo, mwen te konnen gras Bondye nan lavi mwen, nan relayson m' avek Bishop ak lòt kòlèg pastè, ak layik epi klèje mentò ki te vrèman disip ekstraòdinè! Pandan kèk nan defi-m yo andan Legliz la taka esplike tankou diferans nan teoloji ak règleman, pi gwo defi a rete nan iyorans ke entolerans fòmè; seksizim, rasis, ak tout lòt yo ,avek seks moun (human sekswality)-

Legliz Jezi Kris la pa idantifye ak anken sekrè angajman oubyen yon Lame ki pou pèmèt yon gwoup antre, epi bloke yon lòt gwoup, pa gen ankenn sekrè pou n' dekòde pou ka konprann e pwoklame mesaj liberasyon lanmou BonDye ak sali Kris la nan monn lan. Nou li nan "se pa nan non Bondye " ke Rabbi Jonathan Sachs, di <twò souvan nan Istwa relijyon moun touye nan non Bondye lavi a, Fè Lagè nan non Bondye Lapè ya, Rayi nan non BonDye lanmou an, yo aji kriyèlman nan non Bondye konpasyon an>.

Mwen gen vizyon yon Legliz ki fòkis apèl li ak resous li, tan li, enèji li Sou moun nan Legliz la ki ap tann avek anpil eksitasyon , kap chache kap espere tout moun ki pa nan inite ak Legliz la. Kèk ki vle inyon olye eksklizyon nan Legliz la.

Nan inyon avèk, men pa diferans ak; *Nan Inyon avèk*, men pa eksklizyon; *inyon avèk*, men pa kont avèk tout fòs; Nan inyon avek Bondye ki di, PA NAN NON MWEN , pou m' repete ekriven Sach.

...nan inyon avèk legliz la

Kisa li vle di pou nou nan inyon avèk yon lòt moun oubyen yon group moun?

Èske ou santi ou konfòtab avèk mo sa yo – “Nan inyon avèk...”? Kijan ou santi-w lè ou ajoute mo “Legliz” nan fraz sa?

- Ki sa ki ini nou – èske se sa nou gen ankomen, èske se yon visyon ak misyon?
- Kisa nou fè ak diferans nou yo pandan n’ap travay “nan inyon” pou nou akonpli yon bi?
- Èske ou kapab pale de yon tan kote ou te santi legliz la te bezwen istwa -w, eksperyans ou, talan-w? Kouman ou te santi/panse de tèt ou? Kijan ou te santi relasyon ou ak kongregasyon ou lan?
- Èske nou fè yon bon travay envite tout manm nou yo pou yo travay nan inyon yonn ak lòt avèk Lespri Sen an pou nou akonpli yon bi ankomen? Kouman fè, pafwa, nou kite kèk moun deyò?

De Ki byen ankomen Pòl te vle di lè li tap pale de kò Kris la ak don espirityèl yo. Ki visyon ak misyon legliz la genyen pou byen ankomen

- Nan kominote kote-w ye a, ki sa ou wè ki manke nan jistis, mizèrikòd, bezwen, fason lòt moun ta ka wè ak tandè lanmou Bondye?
- Kisa ki fòs komiote ou la? Kijan mankman oubyen bezwen yo genyen ta ka sèvi kòm byen?
- Ki talan ki genyen nan kongregasyon-w la, pa sèlman talan espirityèl, men tou eksperyans, kilti, ras, laj, sèks, okipasyon?
- Ki koneksyon ki genyen ant legliz la ak kominote a? Nan kijan Bondye te kreye -w pou travay nan inyon avèk Levanjil la pou ranpli twou vid ki nan vwazinaj/katye/kominote ou la?

Sa A Se Istwa A Nan Legliz La

Travay Apòt Yo 2:1-12



Rev. Magrey deVega
Hyde Park UMC, Tampa

Dimanch Lapankot se fèt kretyen ke mwen pi renmen. Pi plis pase Dimanch Pak, pi plis pase Nwel. Mwen renmen Lapankot.

Gen de gwo rezon ki fè sa: premyèman, yo poko fè komès ak Lapankot. Ou paka achte yon kat “erèz pankot” oubyen dekore devan Lakay ou ak yon gwo Lang gonfle ak dife. Lapankot rete jou pa Legliz la e kilti nou poko jwenn jan pou chanje sa.

Men, pi gwo rezon ki fèm renmen Lapankot se paske li pa sèlman jou ki pou Legliz la, li se Istwa Legliz la. Espesyalman li se Istwa pa nou, kote ou menm avek mwen te antre nan pòtre a. Nou pat la nan tan Ansyen Testaman an lè Bondye te konn fè tande vwa li byen klè, Pou l’antre dirèkteman nan zorèy nou. Nou pat la nan tan Levanjil yo non plis lè Bondye te pran fòm chè ak san pou nou wè-l epi touche-l.

Men Bondye ki parèt nan Lapankot, se Bondye sa a nou konnen. Envizib men Aktiv. Sibtil men Fò. Ou preske paka konprann ni, men li reyèl toutbon. Sa vle di tou, sak pase nan Lapankot la kapab, rive ankò nan Legliz la, nenpòt lè nou kite Lespri Bondye kraze baryè ki separe nou an epi lni nou ansanm nan menm lanmou a.

Men sa m’ vle di. Apre tout yon ekip moun reyini, soti tout kote nan monn lan, koumanse pale lang ke menm yo pa rekonèt, mwen garanti-w son an te yon kakofoni. Men apre nan vèsè 6 la “ Lè yo tande bri a, yon kantite ladan yo sanble. Yo tout te sezi anpil paske yo t’ap tande moun yo pale nan lang peyi yo chak”.

23
me

Sa vle di nan mitan kakofoni bann bri, van, dife, tout bagay ansanm, tout Lang Melanje ya, moun yo te reyalize te gen omwen yon moun nan mitan tout foul moun yo ki te ka konprann yo epi remake yo.

Ou ka imajine sèn ki t'ap devlope a? Youn pa youn, de pa de - moun ki ap pale a ak moun ki ap tande ya, yo jwen youn lòt nan mitan foul la, yap chache je youn lòt, epi zorey yo vinn pote plis atansyon a moman glorye sa, lè yo tou de kapab di “ mwen wè ou, ou wè mwen epi nou konekte ansanm youn ak lòt”.

Nan kalite bon moman sen sa a, tout baryè yo, koulè , divizyon ras, kategori ki te separe yo mete nan plizyè bwat diferan an, Lespri Sen an te fè tout disparèt. Epi tout te ranplase kote chak moun reyalize li enpòtan, ke moun konnen li la, e li konekte ak yon lòt moun ki kapab afime valè ak idantite li. Sa pa etonan ke yo te kontan anpil. Pi bon bagay n la, sa a se Istwa Legliz la, se Istwa pa nou. Li te pase lontan lontan, li kapab rive e rive ankò si nan mitan diferans nou yo, nou koute youn lòt avek atansyon epi wè nou chak tankou moun .

Remak:

Yon Eksperyans Aldersgate

Sòm 130



Rev. Scott Smith
First Ormond Beach

24 May 1738, Jan Wesle te ale nan yon rankont nan Aldersgate Street epi kè li te chofe yon fason etranj.

Èske gen yon fraz ki Metodis tankou sa a “Kè mwen gen yon chalè etranj”. Se te la Jan Wesley te santi se sèlman konfyans nan Jezi ki by Sali. Li te resevwa asirans ke Jezi te efase tout pechel’ yo, e Li te sove anba la law peche ak lanmò.

Youn nan bagay mwen kenbe byen presye nan eksperyans Aldersgate Wesley ya, li te deja yon prèt, li te batize, konfime, òdone, li te nan Legliz men malgre sa lli te gen yon ‘moman. Ou pap janm konnen kilè oubyen kibò Bondye pral pran’w’ Moman Aldersgate pap jis yon fwa nan lavi’w. Gen anpil moman nan pakou lafwa ou kote Bondye ap travay nan ou. Mwen ka gade dèyè nan pakou lavi mwen e montre anpil “eksperyans Aldersgate” mwen defini yo tankou kote gras Bondye ak lanmou vini reyèl e lafwa mwen vin pi fon toujou.

Ki tan nan Lavi pa ou, ou ka idantifye tankou “eksperyans Aldersgate la” ? pran yon titan pou ou sonje epi di mèsi.

Mwen ka di li, mwen pa’tgen anken lide pou ki se Sòm 130 ki nan devosyon jodi ya, se yon Bon Sòm, nenpòt moman ou ka rele byen fon nan kè ou epi mete lespwa ou nan Bondye, se yon bon moman. Epi Mwen vin sonje: Nan journal Jan Wesley a, nan apre midi nan menm jou a Li te ale nan St Paul epi se Sòm 130 yo t’ap

24
me

chante. Pawòl sa yo sonnen nan zorèy li “Si ou t’ap make tout zak nou fè, Seyè, ki moun ki ta ka leve tèt devan ou?”. Pètèt li t’ap reflechi Sou mo sa yo pandan l’ ta prale malgre li menm, nan sosyete Aldersgate street la, epi se là l’ te kouvri avek “Lanmou Diven ,Lanmou Bondye ki depase tout bagay la .”

San li pat anvi, li te ale. Konbyen Istwa ou kapab by nan kijan san ou pat menm anvi ale on kote epi prezans Bondye te siprann ou? Ou pa tap atann sa men Bondye te la. Konbyen Istwa ou tandè déjà, moun ki pat vle, yo trennen yo Legliz oubyen nan yon retrèt? Konbyen ti jenn moun ki pat menm vle ale nan yon kan? Konbyen fwa Jezi fè chanjman nan moman envolontè yo epi kè yo jwenn chalè etranj sa a?

Pandan m’ap panse a moman pase sa yo lè mwen menm oubyen lòt moun pat vle patisipe epi Bondye parèt, kote sa fèt souvan se nan Legliz. Kò Jezi Kris kreye plas sa a, espas sa a pou patisipan envolontè yo. Yo te aksepte nou, malgre engratid nou, malgre nou egri, malgre dout nou yo, Legliz, disip Jezi yo te resevwa nou, renmen nou, epi nou te fè rankont ak Jezi. Nou te gen chalè etranj sa a nan kè nou e nou toujou genyen-l.

Sa, se lè Legliz la konnen pi bon moman li yo.

Priyè nou se pou nou mete espwa nou nan Seyè a, epi veye moman sa yo lè Bondye ap parèt... menm nan Legliz la.

Remak:

Enpak Legliz La

Matye 28:16-20



Molly McEntire, Laity

FLUMC Mission Training & Volunteer Coordinator

Ki lè m'te wè Legliz la nan pi bèl aksyon li? Ki bò poum koumanse? Pètèt lè siklòn Irma te pase e m'tap reflechi ki yès ki pral' vin ede zòn sa a nan dezaz sa? San pèdi tan mwen te wè yon gwoup manm Legliz Metodis Ini a nan travay pou sove kay moun pou mounn! Mwen te wè Legliz la an aksyon pandan m'tap swiv " Gator Wesley t'ap Mennen yon konvèsasyon kit e kenbe tout patisipan yo konfòtab pou yo pale nan ki fason lafwa nou entersekte ak queerness.

Mwe te wè Legliz la an aksyon, lè m' tap gade ki jan anpil Legliz Metodis nan Florid la patnè ak ZOE Empowers, pou ede santèn òfelen pran lavi yo anmen.

Nan liv "Unity of the Church and Human sexuality: Toward a Faithful United Methodist Witness" gen yon Istwa ki pale de fen Lagè Bosnian nan lane 1995 li di konsa: Legliz Metodis nan peyi sa decide fè Konferans Anyèl yo kan menm. Akòz se yon ti gwoup yo ki abitye patisipe nan evenman sa, moun ki t'ap planifye yo lwe yon ti kote tou piti. Poutan lè Konferans la koumanse te gen men longè liy moun kap tann pou yo antre.

Kiyès moun sa yo te ye? Epi Kote yo te soti? Anpil ladan yo te Muzilman ki rete nan zòn nan. Lè yo te mande yo pou kisa yo vle patisipe nan yon Konferans Legliz Kreyòl, yon mesye te reponn, " Ou te la nan koumansman konfli yo, ou rete lè lòt yo te ale. Ou te pran swen timoun nou, fanmi nou, ak solda nou yo lè pèsonn lòt moun pat pran swen yo. Ou te di ou fè-l nan non Bondye' w la. Nou vle rankontre ak Bondye' w la."



Èske se pa sa ki objektif Legliz Metodis Ini an? Gen milyon moun ki panse pèsan pap aksepte yo Èske w'ap fè moun antre oubyen w'ap kenbe yo deyò? Legliz nou an gen yon enpak epèkisyon sou tout tè a. Legliz la touche lavi annpil milyon mou nan travay Legliz lokal nou yo, UMCOR, United Methodist Women, Kolèj nou yo, Lopital yo ak anpil lòt mwayen ankò.

Èske nou Janm panse a repèkisyon epi enfliyans Legliz nou an ka genyen? Konsidere repèkisyon nou ka genyen sou vyolans, relasyon ant diferan ras, jenn timoun k'ap touye tèt yo, grangou ak ajitasyon sivil? Objektif nou se pou nou fe pati woyòm Bondye a, pou nou refleto lagras Bondye epi pou kominote a wè sa nan nou.

Lespwa-m ak priyè mwen pou Legliz Metodis Ini se pou nou kanpe. Pou n' kanpe kont lenjistis ki fèt sou kominote LGBTQ+ ak BIPOC e pou nou rekonèt lapenn nou lakòz yo. Pou n'kanpe pou pwoblem dwa tout moun. Li lè pou nou leve sou ban legliz you pou nou fè travay transfòmasyon. Nou dwe kontinye sèvi kominote nou yo. Apèl nou se pou nou "ale epi fè disip nan tout nasyon yo". Lè Jezi te kòmande nou pou nou ale nan monn nan pou nou fè disip li te konnen sa ta vle di, pou nou avèk moun ki pa sanble, aji, oswa panse menm jan ak nou. Entansyon Bondye se pou nou rankontre, akeyi, renmen epi pran swen tout pitit li yo.

Se priyè mwen sa: Pou nou akeyi epi renmen tout pitit Bondye.

Remak:

Li Kòmanse Avèk Ou

1 Korentyen 12:1-7



Rev. Jennifer Stiles Williams

St Luke's, Windemere

Byen ta you Dimanch swa, mwen gade mwen wè mwen te rate twa apèl nan men yonn nan paste nan Legliz la. Lè mwen te tounen apèl la, mwen te aprann yon moun ki chè a legliz la te mouri sibat. Yon jèn gason ak tout san li sou li, san li pa malad. Jèn sa te fè pati ministè teyat Fresh Expression Legliz la pandan plis ke dizan. Li te yon lidè, li te ede pwogram teyat la tounen yon ministè pou tout kominote a. Li pat yon manm legliz la, omwens pa yon manm aktif dapre estatistic legliz la, men li te yon St Luker ki viv vizyon nou pou ministè teyat la, pafwa pi byen ke yon moun ki manm legliz la depi lontan . Pandan mwen t'ap eseye kache chagren ak chok pa m' pou mo rekonò pou m'bay mari li, li di-m "Pa gen yon lòt plas pase St, Luke kote li ta renmen lavi li selebre "

Aprè kèlke jou, nan mitan yon pandemic global, kominote teyat nan santral Florid la te rasanble pou pataje nan yon sèvis pou selebre lavi sa sou platfòm eletronik; plizyè santèn moun nan tout peyi a te konekte sou aparèy elektroik pou patisipe nan sèvis la. Nou te konnen nou t'ap selebre lavi ak rezirèksyon moun sa, men nou te konprann tou apre dizan ke nou te pase ap bati yon relasyon ak sila yo legliz la te koze lapenn, te menenn nou a moman sa kote nou te ka dirije tout moun pou wè Bondye Damou ki te kreye moun sa te renmen-l anpil tou.

Yon manm te voye yon foto ba nou apre sa. Yon etranhe te remèsye Leglis St, Lukes la piblikman. Se te premye fwa, nan ven lane, yo tes anti yo tef è pati yon legliz, men pa jan de Legliz yo tef è eksperyans avè yo nan tan pase. Olye de sa yon tef è eksperyans ak yon plas kote" lafwa the louvri yon teyat ki enklizif."

Pòl ekri Legliz Korent la nan premye lèt li a pou ankouraje yo pou yo gade yonn lòt ak LespriSen a epi pou yo kwè yo gen tout sa yo te

26
me

bezwen pou yo kapab Legliz Bondye te vle yo ye nan kominote an. Li di chak manm te resevwa yon kado espiyèl espesyal nan men Bondye atravè LespriSen an pou byenèt tout moun. Yo te resevwa kado sa yo pou yo te ka sipòte yonn lòt. EPITOU pou yo te ka pataje Bòn Nouvèl lanmou, lajistis ak lagras Jezi Kri a ki pou tout moun. Kado sa yo inik a chak Legliz nan chak vil, nan chak katye, katye rich tankou katye pòv, pou yo ka rale sou yo tout moun vwazen yo, ki yo menm tou se moun espesyal nan je Bondye. Pou yo touche kè yo nan pawòl avèk aksyon yo, pou bati konfyans yo, satisfè bezwen you epi Mennen yo bay Jezi.

Souvan legliz la konsantre sou sa li manke. Nou ap mande ki jenerasyon ki manke sou ban nou yo, ki resous nou manke, kijan volontè ki pou fè ministè yo grandi tankou legliz la nan dènnye liv la nou manke. Bondye pa rele nou pou nou sanble ak tout legliz sou tout pwèn, pou nou tout adore menm jan, pou nou tout gen mem ministè Bondye rele chak legliz pou yo LEGLIZ pou kominote yo li ekipe yo ak engredyan Lespri a pou yo ka kreye yon resèt natif natal. LespriSen an itilize moun ki gen diferan eksperyans, diferan talan, diferan pasyon, diferan istwa redanmsyon ak relasyon pou prepare bankè ki ka satisfè kò, lespri, ak nanm moun ki nan kominote kote LEGLIZ la ye

Pou nou menm ki sitiye tou pre pak rekreyasyon yo, resèt espesyal pa nou se yon ministè pou moun itilize talan yo nan yon jan dramatik Anglè, Peter Brooks, rele “Teyat Sen.” Pou legliz ki yon tikras pi lwen nou, ministè pa yo se pou ede moun ki nan bezwen. Legliz ki bò laplaj ka gen yon ministè pou surfer. You legliz ki Ocala, ka gen ministè pou moun ki monte (fè kous) cheval; legliz ki nan Sid Florid la dwe gen ministè pou travayè migran ak fanmi yo; nan yon vil ki gen inivèsite, legliz la ka gen ministè pou pwofesè kolèj, yon legliz ki nan yon kominote ki gen anpil moun retirete, ka gen ministè pou tigranmoun. Diferan don, pou diferan legliz kapab attire diferan kominote pou rantre nan relasyon ak ou sèl Seyè a. Depi ou ka jwen yon moun ekri, poste ou pataje nouvèl sa anpiblik “Sila yo se moun ki te ede-m rankontre Bondye mwen t’ap chache epi te manke pou twò lontan an.”

Legliz Metodis Ini nan Florid la se KOUNYE A, pa demen lè denominasyon an finalman pran yon desizyon. Trinite Divin lan ap travay ak Legliz Bondye a KOUNYE A pou l’ ofri moun lanmou, lajistis, lagras ki kap transfòme yo. Nou gen ansanm ak nou tout sa nou bezwen pou nou ofri lanmou Jezi Kri bay divèsite moun ki nan Florid la, sa kòmanse ak OU.

Remak:

Yon Lapè Ki Chè Anpil

Kolosyen 3:15-17



Derrick Scott, Laity

Director of Campus to City Wesley

Nan lèt Paul ekri Kolosyen yo, Paul envite sila yo kap swiv Jezi pou “Se pou nou viv byen youn ak lòt jan Kris la vle l’la” Avètisman sa a eske se sèlman pou moun Legliz pa nan Kont? Vèsyon tradiksyon “Common English Bible” la enteprete vèsè sa ou jan pi di. Li kòmande ke Lapè Kris la fèt pou li kontwole kè nou.” Se vre, se Lapè sa a kap pèmèt pou nou akeyi e padonen youn lòt, pou nou selebre divèsite nou pandan nou ap rasanble e anbrase youn lòt poutèt diferans nou yo. Se Lapè Sen sa a ki pouse nou pou nou abiye ak lanmou ki se kondwi pou Mennen non nan itite tout bon. Èske se pa sa ki entansyon nou lè pase siy lapè pandan litiji kòminyon an? Men pa twompe nou’ pè sa a pa bon mache.

Lapè Pòl rele nou ladann nan koute chè. Li pa sèlman pou fini yon diskisyon pou evite dezagreman. Nan lèt Pòl ekri Efezyen yo li deklare, ke lapè n’ap jwi a soti nan Kò Kris la menm (Efezyen 2:14). Kalite lapè sa a pa efase oubyen iyore diferans. Se yon lapè ki chè anpil ki mande nou pou rekonèt peche pèsone ak peche kolektif nou nan konfesyon ak repantans; lapè sa mande tou pou ou batay pou inite nan pale epi koute youn lòt. Se pou nou fè tout efò nou pou nou wè imaj Bondye nan chak moun Kris mennen nan fanmi li, Se yon dezi sensè pou nou wè bonte original ki nan chak moun. Wi, se Lapè Kris la ki kontwole kè nou yo k’ap pèmèt nou, moun Legliz, pou nou antann nou youn ak lòt. E sa se pa pou tèt pa nou, se pou monn nan ka rekonèt ni se disip Bondye.

Apèl Legliz la se ekspresyon tanjib lanmou Bondye ki san limit pou sila yo ki poko menm fè eksperyans la. Poutèt sa nou koube

27
me

nou pou lapè Kris la kontwole e mennen nou pou n' ka pase lapè sa bay monn lan ki twò souvan aksepte nenpòt bagay pou ranplase Lapè. Soti nan vwazinaj nou pou rive nan tout nasyon yo, lapè Kris la dwe jayi soti andan nou. Se pou sa Pòl rele nou pou nou viv nan Lapè youn ak lòt. (Romen 12:18) Bondye envite nou pou n'gen lapè nan Legliz la, konsa pou nou ka pwolonje Lapè sa bay vwazen nou yo epi nou ka yon modèl pou monn lan.

Zanmi-m yo, Legliz Metodis Ini nan Konferans Florid la paka bay sa li pa genyen. Lè nou refize pèmèt lapè Kris la pran kontwòl kè nou ki se yon pati nan kò Kris la, nou anpeche lapè sa pase-l bay monn nan atravè temwayaj nou. Men nan dezi nou kòm pèp Bondye ki rele tèt nou Metodis kap chache Lapè youn ak lòt nan entegrite ak otantisite, nou bay Sentespri a opòtinite pou montre monn lan se yon bagay ki posib pou viv nan Lapè ak tout moun. Donk, se pou lapè Kris la reye nan kè nou, wi konsa nou menm moun Legliz, nou kapab antann youn ak lòt, men pi plis pou laglaw Jezi Kris ak transfòmasyon monn lan.

Remak:

Yo Te Mete Tout Bagay An Komen

Travay Apòt Yo 2:42-47



Heather Pancoast, Laity
Director, Gator Wesley

Tout lavi-m se Metodis mwen ye. Mwen leve nan Legliz la. Mwen jwe sou ban epi tout Sen Legliz te elve mwen. Fanm Metodis Ini yo koud rad pak mwen yo e mwen aksepte Jezi pou premye fwa sou envitasyon Mis Ann, pwofesè Lekòl Dimanch mwen. Lafwa mwen grandi ak defye nan gwoup jènn yo lè mwen te konn patisipe nan kan nan “Warren Willis” kòm kanpè, e kom manm ekip jèn yo. Mwen pa menm ka sonje tout kantite kan, misyon ak evenman distri mwen te patisipe. Mwen gen anpil rekonesans pou moun nan Legliz kote manman-m ak papa-m te sèvi kite renmen-m, sipòte-m ankouraje-m, e mwen pa ka bliye, ki te konn banm manje tou.

Manm Legliz Metodis Ini yo renmen manje tout bon. Lè m’panse konbyen asyèt manje mwen manje, mwen sèlman sonje sa mwen pran kèk Liv. Legliz anvan yo sanble te bon nan manje ansanm tou. Lè Pòl dekri kominote legliz la li di yo te manje ansanm, pataje tout bagay. Mwen kapab imajine nouvo kominote sa ki t’ap swiv Kris la, rasanble ansanm bò yon tab ap manje, ri, kriye, grandi nan Lafwa ak nan lanmou youn pou lòt.

Men gen yon lòt bagay nan deskripsyon an ki kanpe- m nan wout . Li ekri: Yo te mete tout bagay an komen. Se yon fraz ki enteresan e se youn ki enpòtan pou nou dechifre tou. Paske nan dènye deseni yo mwen wè Legliz pran yon direksyon de



bò: gen rezon oubyen gen tò, bon oubyen move, dokrin oubyen opinyon. Mwen kwè fraz sa Pòl te itilize ya mal enteprete si nou konprann ni tankou nan premye Legliz la tout moun te dakò, te gen menm kwayans, panse ekzateman menm jan.

Kòm yon manm Legliz Metodis Ini mwen wè nou nan pi bon faz nou, rasanble bò yon tab manje n'ap diskite lavi nou, teyoloji nou, e lafwa nou, pandan nou fè plas bò tab la pou onore epi respekte diferans opinyon nou yo. Nou grandi lè nou fè efò, menm lè nou pa dakò yonn ak lòt, pou nou diskite, epi lè nou kite yon konvèsasyon, nou gen yon lòt konpreyansyon sou yon sitiyasyon.

Swè mwen pou Legliz Metodis Ini alavni an, se pou nou retounen nan rasin nou, nan onore ak respekte youn lòt malgre diferans nou, Mwen espere nou ka mete sou kote lide nou genyen sou sa ki gen rezon/tò, bon /pa bon, doktrin/opinyon e akroche ak angajman nou pou pataje bòn nouvèl lanmou Kris la ak TOUT pitit Bondye. Tab amanje a long, li laj, li gen ase plas, gen ase mashmallow, salad pou nou tout, ou envite e ou Byenvinl. Mwen espere wè ou nan Legliz sa.

Remak:

Ale Viv Yon Bon Istwa!

Ebre 10:24-25



Rev. Bridget Thornton
Christ UMC, Neptune Beach

Lè m' te gen nevan, bon zanmi ti frè-m lan, ki te tankou yon lòt frè pou mwen te mouri nan yon aksidan machin. Pastè nou an te di nou “Bondye te bezwen yon lòt zanj pou jaden lan.” Mesaj sa a rete nan mwen. Pastè sa a te entwodwi-m a yon Bondye ki pran zanmi nou yo, moun nou renmen yo pou l’ka genyen plis zanj. Se jis lè m’ vin gen 19 ane ke mwen fini pa aksepte Lanmou Bondye.

Mwen kenbe istwa sa a tou pre kè-m lè m’ap panse a Legliz. Kote mwen rete a, mwen kondwi 10 minit soti lakay mwen pou m’ rive Legliz la, 64% moun yo pa ale Legliz. Sa se plis pase 37,500 moun ki panse Legliz pa enpòtan. Anpati se paske nou pa fè yon bon travay nan fè konnen misyon ak objektif nou. Legliz lokal nou yo gen renome “pumpkin church”. Legliz Metodis Ini nan nouvel akòz Konferans Jeneral nou an. Pi mal ankò, kèk Legliz gen renome yon kote san lanmou, yon kote yo akeyi sèlman kèk moun.

Malgre sa, mwen gen espwa toujou pou Legliz la. Mwen gen espwa paske SI nou anbrase kado Bondye ban nou nan monn lan, na va wè mèvey ki va rive. Nou va wè zòn izole tounen yon kominote, moun grangou ap manje, malad yo ap rekonfòte, e geri, epi sa ki pi enpòtan na va wè moun konekte ak lanmou Bondye. Nou va wè kijan Legliz anrichi ak istwa sila yo ki pa sanble, oubyen pale tankou nou, yon Legliz ki louvri pou moun tout nasyon, laj, ras, oryantasyon, sèks ak estati ekonomik.

Yonn nan slogan mwen se: “nou se sèl labib pi fò moun ki nan wouaj kretyènte ap Janm li.” Gen anpil chans yo pap janm

29
me

manyen yon bib. Lavi-w rakonte istwa a, epi lavi-w kapab se sèl istwa Jezi yo tandè. Yo kapab sèlman gen yon ide vag sou Bondye, oubyen te fè yon move eksperyans tankou sam te pataje a. Nan seminè, Dr. Bob Tuttle Kloue nan tèt mwen reyalyite ke pami 25 moun ki fè yon eksperyans positif ak Levanjil la, an mwayèn se se sèlman yon grenn ki aksepte Kris.

Legliz la gen pi bèl istwa pou l' rakonte, OU MENM TOU. Ou rakonte istwa sa nan jan ou viv lavi ou, sa pa vle di kanpe nan yon kwen lari avèti moun pou yo repanti oubyen yo prale nan lanfè. Sa vle di fè sa lekti jodi a rele nou pou n'fè: "Se pou nou yonn veye sou lòt, pou yonn ede lòt gen renmen nan kè nou, pou yonn ka ankouraje lòt nan fè sa ki byen." Sila yo ki nan Legliz ak sila yo ki pa ladann. Kite Lavi-w pale de yon Bondye ki renmen, yon Bondye ki vle gen relayson ak tout moun.

Ki istwa lavi-w ap rakonte? Lè moun li lavi-w kisa yo aprann sou Bondye? Ke ou kapab beni epi ale viv yon bon istwa!

Remak:

semèn 5: louvri

Rev. Madeline Luzinski
Florida UM Children's Home, Enterprise

Matye 15:22-28

Se konsa, yon fanm, moun peyi Kanaran ki t'ap viv nan zòn lan, vin jwenn li. Li pran rele: Mèt, pitit wa David la, pitye pou mwen. Pitit fi m' lan gen yon move lespri sou li k'ap fatigue l' anpil. Men, Jezi pa okipe li menm. Disip li yo pwoche bò kote l', yo di l' konsa: Fè l' ale non. Paske, l'ap mache dèyè nou, l'ap plede rele nan zòrèy nou. Jezi reponn: Se sèlman pou moun ki pèdi nan ras Izrayèl la yo voye mwen. Men, fanm lan vini, li lage kò l' nan pye Jezi, li di li konsa: Mèt, fè kichòy pou mwen non. Jezi reponn li: Sa pa bon pou m' wete pen nan bouch timoun yo pou m' jete l' bay chen. Lè sa a fanm lan di li: Se vre wi, Mèt. Men, chen manje ti kal pen ki tonbe anba tab mèt li. Lè sa a, Jezi di li: Madanm. Ou gen konfyans anpil. Tout bagay ap pase pou ou jan ou vle l' la. Menm lè a, pitit fi l' la geri.

Souvan mwen panse a nati skandalez lanmou Bondye a. Bòn nouvèl nesans Kris la te anonse premyèman a bèje yo kite nan chan yo, olye a chèf sinagòg yo. Parabòl travayè nan chan an montre nou Bondye va peye yon moun ki travay sèlman inèd tan, tout yon jounnen salè. Jezi te krisifye epi ofri yon vòlè ki t'ap pran dènye souf li, sali. Nati estravagan lanmou Bondye a se you konprime ki di pou moun vale, espesyalman si nou wè tèt nou kòm sila ki yo ki pye epi moun Bondye renmen pa rapò a lòt moun kòm "lezòt yo" ki pa merite lagras. Men anreyalite nou pa merite lagras la non plis.

Lè fanm moun Kanaran an apwoche Jezi pandan li t'ap kriye pou mizèrikòd pou pitit fi li a, Jezi reponn ni premyèman li pat vini pou li. Li pat aksepte non pou yon

repons. Repons Jezi te ba li a se yon bagay ki boulvèse lespri anpil moun lè yo fèk li pasaj sa. Èske se Jezi sa, Mesi a , ki renmen tout moun nan, ki trete yon moun nan eta sa? Men kouraj fanm nan ak tout ensistans li chanje yon bagay nan Kris. Lafwa li te fè Jezi wè ke fanm sa tou gen valè epi li merite mizerikòd ak gerizon.

Anpil nan nou pa konfòtab ak imanite Jezi nan moman sa. Gen kèk nan nou ki pa konfòtab ak imanite Jezi anjeneral. Li difisil pou nou imajine Bondye nan lachè fatigue, li bezwen benyen, oubyen li rankntre ak yon moun k'ap fè-l la lesan. Lè m'te nan seminè Dr. Willie Jennings te itilize pasaj sa pou montre nou menm Kris te dwe aprann pa eksperyans. Lik di nou lè Jezi te timoun li te grandi nan sajès ak konpreyansyon. Jezi te oblije aprann tankou ou menm avè-m. Nan moman sa, pètèt pou premye fwa, Jezi te rankontre yon bezwen li pat atann ni. Li te konprann apèl li pou li jwenn epi sove mouton Israyèl yo kite pèdi yo, men kounye a te gen yon lòt moun ki t'ap plede pou l'ba li sa li tap ofri a.

Menm jan tou, atravè listwa, legliz la te konfwonte ak bezwen kèk moun nou panse ki pat merite misyon ak swen nou. Ankò e ankò Sentespri a travay nan mitan nou pou revele nou kouman nou kabab yon legliz pou moun nan tan jodi a. Nou fèt pou louvri lespri nou pou posibilite sa, nan menm fason Jezi te aprann pou louvri epi elaji lespri li ak misyon li bay fanm Kanaran an.



...ke Kris Limenm te louvri

Kisa mo “Louvri” a vle di lè n’ap pale de Legliz?

Kijan ou wè Legliz la jounnen jodi a mwens ke louvri?

Kisa “sèvi nan inyon ak legliz la vle di pou ou?

- Eske ou konsidere sèvis ou oswa temwayaj ou tankou zafè pèsonèl ou, oubyen eske ou konsidere sa tankou yon ekstansyon legliz lokal ou a? Kouman Kris “Louvri” Legliz la?
- Kijan mo tankou “Lagras” ak “Sèvis” montre Legliz la se yon Legliz Jezi te louvre?
- Tankou ki sa yon legliz Kris louvri sanble oubyen fè moun santi ? Ki objektif li?
- Ki mesaj yon legliz ki louvri bay lemonn epi kijan li chanje kominote kote li a?
- Nou menm ki fè ve sa-a, kijan nou wè nou ka ede kongregasyon nou yo anvizyone yon legliz ki sanble ak Legliz Kris te louvri a?

“Mwen La Paske Ou La”

Travay Apòt Yo 10:9-16



Rev. Michelle Shrader

Good Samaritan UMC, Tallahassee

Chak fwa nou resite ve batèm nou an, nou deklare Kris louvri Legliz li a pou tout moun, kèlkeswa laj yo, nasyon yo oubyen ras yo. Travay Apot yo nan chapit 10 vèsè 9-16 rakonte istwa Pyè, youn nan pi vanyan disip yo. Pyè te monte sou tèt kay la pou li lapriyè. Pandan li t’ap priye, li te gen yon vizyon yon gwo dra ki te mare nan kat kwen ki te sot nan syèl la ki tonbe sou tè a. Dra sa a te gen tout kalite bèt sou li. Bondye di Pyè, touye epi manje; Pyè di li “Seyè, pa gen okenn fason anyen ki pa pwòp pral touche bouch sa yo.”

Bondye reponn: “Bagay Bondye di ki bon pou moun k’ap sèvi-l, ou menm pa di li pa bon”

Bondye pouse Pyè pou li itilize kouraj li pou l’kondwi lòt moun nan nouvo bagay Bondye ap fè-a.

Konbyen fwa nou rann yon bèl bagay tounen yon bagay ki pa pwòp, ki sal, ki lèd? Konbyen fwa nou sal yon imaj ki sakre?

Gen yon seminè nan Afrik di Sid yo rele Seth Mokitimi. Lè yo t’ap bati chapèl nan seminè sa, yo te fè pòt yo prèske 20 pye de wotè. Se kòm si ou t’ap eseye gade syèl la. lè ou ap eseye gade anwo pòt la. Lè yo te envite-m pou preche nan chapèl sa, yon zanmi mwen te avèti-m pòt sa yo te ouvri sèlman pandan sèten peryòd nan lane a pou yo ka konsève èkondisyone oubyen chofaj, donk

30
me

mwen te di chaplen an li pa bezwen enkyete-l pou pòt yo lè mwen va rive. Pandan mwen t'ap rantre nan chapèl la, pòt yo te louvri byen gran devan-m, mwen te kanpe ap gade pòt yo avèk anpil admirasyon epi ak dlo nan je-m. Chaplen an souri epi li di-m "Ou se yon moun espesyal, men pòt sa yo louvri pou tout moun." Konbyen fwa nou rann yon bèl bagay tounen yon bagay ki pa pwòp, ki sal, ki lèd? Konbyen fwa nou sal yon imaj ki sakre?

Dra ki te mare nan kat kwen-l, ki te file desann sou late a nan vizyon Pyè a, fè mwen sonje bèl reyalite ke Bondye t'ap fè yon bagay nouvo. Bondye te louvri bra li byen gran pou li anbrase tout moun, bòn nouvèl Levanjil la te gaye pase Israyelit yo, pase moun lòt nasyon yo, ale byen lwen. Lanmou Bondye rele nou pou nou pataje a, se yon lanmou ki ale pi lwen bagay nou souvan pa ka touche. Moun nan Afrik di Sid yo pale de UBUNTU, ki vle di "MWEN LA PASKE OU LA". Mo UBUNTU a rekonèt lyen ant tout moun sou tè a pa kapab dezasye. Nou fèt pou ofri lanmou nou bay tout moun san limit kèlkeswa laj yo, ras yo, nasyonalite yo, sèks, seksyalite, sitiyasyon sosyo ekonomik yo, menm lè yo pa gen menm ideyoloji politik ak nou.

Konbyen fwa nou rann yon bèl bagay tounen yon bagay ki pa pwòp, ki sal, ki lèd? Konbyen fwa nou sal yon imaj ki sakre?

Zanmi mwen yo, annou sonje batèm nou epi annou jwenn wout ki mennen sou Lanmou ki ouvè pou TOUT MOUN, pa sèlman moun ki sou lis detaye nou te prepare nou menm, men TOUT MOUN. Amèn.

Remak:

Mache Nan Konfòmite

Efezyen 4:1-6



Jeremy Green, Clergy
St. Luke's UMC, Windemere

Lè mwen te timoun te gen yon bann mo ak pawòl mwen te konn tande granmoun Lap itilize ki pat fè sans pou mwen. Pi misterye pou mwen se te pawòl ke kèk moun ta ka idantifye kòm “vokabilè kretyen”. Pa egzanp, yon moun nan kongregasyon an bay yon lòt yon konpliman paske li te fè yon bèl solo nan sèvis la oubyen paske li te fè yon bon kòmantènan Lekòl di Dimanch la, olye moun sa di “Mèsi.” li reponn ”Mwen jis ap eseye mache nan konfòmite.”

Konfòmite de kisa? Kisa sa vle di?

Pandan mwen ap vin pi gran, mwen kòmanse itilize vokabilè sa yo tou menm jan ak ansyen sen yo. Pandan mwen t’ap etidye liv Efezyen an, lè mwen rive nan mwatye etid la, mwen te trè etone lè mwen te tonbe sou yon pasaj mwen panse ki enspire pawòl sa yo.

Aprè Pòl te fin priye pou Legliz la te resevwa pouvwa pou l’ konprann lajè, longè ak pwofondè lanmou, Paul te koumanse katryèm chapit liv Efezyen an ak you ankourajman ki te trè familye. Li di: “Mwen mande nou pou nou viv yon jan ki konfòm ak jan Bondye te rele nou pou n’ viv la.” Li kontinye pou li dekri ki sa yon lavi konfòm sanble.

31
me

Premyèman se pou nou aji avèk imilite, dousè, pasyans ak akseptans pou tout moun. Sa yo se sèlman kèk nan atribi ki pi enpòtan, non sèlman, pou nou kiltive nan yon kominote kretyen,

men tou nan jan nou dwe fè efò pou nou viv kòm temwen lanmou ak pouvwa Sali Jezi pote pou monn nan. Se imilite ki soti nan Bondye a ki pèmèt nou pran konsyans ke nou bezwen yon sovè. Nan vilnerabilite nou, nou rankontre dousè ak pasyans diven. Lè nou fè eksperyans lanmou ak pasyans radikal sa a, nou pa ka fè okenn lòt bagay, men pataje yo ak tout moun lavi a mete sou chemen nou.

Answit, Pòl enstwi yo pou yo entansyonèl pou yo kenbe yon lespri inite nan kominote a, pou lapè kapab makonnen yo youn ak lòt. Viv ak lòt moun nan tan sa, te difisil menm jan li ye jounen jodi a. Sa pa rive pa aksidan. Kenbe yon relasyon mande konpasyon ak konsiderasyon ki entansyonèl.

Pètèt lè granmoun yo te konn di “M’ap eseye mache nan konfòmite” sa yo te vle di se m’ap eseye viv nan yon jan pou lanmou Bondye aparan nan tout entèraksyon mwen gen ak yon lòt moun. Pètèt mache nan konfòmite vle di yo tèlman renmen epi aksepte lòt moun, yo tounen you senbòl Bondye ki louvri bra lanmou li pou anbrase tout moun.

Si nou kontinye travay sila yo kite la anvan nou yo, tankou pran oserye apèl pou nou viv epi mache nan konfòmite, Legliz la t’ap yon plas kote tout moun vle di tout moun, epi li t’ap vrèman reflekte divèsite kite nan entansyon Kreyatè a. Si nou aprann mache nan konfòmite, Legliz la ap vrèman sanble ak Jezi .

Remak:

Resevwa Tout Moun San Distenksyon

Jak 2:1-4



Dr. Judith Pierre-Okerson, Laity
Miramar UMC, Miramar

Jak 2:1-4

Frè m' yo, nou menm ki gen konfyans nan Jezikri, Seyè nou an ki gen tout pouvwa pou li, nou pa dwe gade sou figi moun.² Sipoze de moun vin antre nan asanble nou, yonn gen yon bèl rechanj sou li ak yon bag an lò nan dwèt li, lòt la tou pòv ak yon rad chire sou li. Si nou leve pou n' salwe nonm ki gen bèl rechanj lan, epi nou di li: Msye, chita la nan bon plas sa a, epi si nou di pòv la: Ou menm, kanpe bò la a, osinon, chita atè bò pye m' lan, èske nou pa mete yon diferans nan mitan nou? Eske sa pa moutre nou gen move lide nan tèt nou lè n'ap jije moun?

Pou mwen jou mwen te batize a se moman ki te pi sakre nan vwayaj lafwa mwen. Mwen pa sonje anyen de jou sa, men lè mwen te gen 13 lane, devan kongregasyon ki te pwomèt pou nourri-m nan lafwa a, mwen te konfime ve manman-m ak papa-m te pran pou mwen lè mwen te gen sèlman twa mwa – yon ve pou mwen konfese Jezi-Kri kòm Seyè ak Sovè-m epi pou mwen sèvi-l.

Lè mwen te kòmanse ap renouvle ve batèm mwen ansanm ak frè ak sè-m yo nan Legliz Metodis Ini an, mwen rive konprann ve batèm nan plis pase yon komitman pèsònèl; ve batèm se yon komitman kominote an pran ansanm. Nou pwomèt pou nou sèvi Kris nan inyon avèk tout Legliz la. De bagay pèmèt mwen apresye kijan Legliz Metodis Ini an fè ve kominal sa yon reyalite. Mwen t'ap viv nan Sid Florid la lè siklòn Andrew te pase a, epi apre sa mwen te sèvi nan Konsèy



Direktè UMCOR-a. Mwen wè kijan, nan tan dezaz natirèl, Legliz Metodis Ini a louvri 'pòt' li pou moun ki ap souffri fè eksperyans lanmou Jezi Kri kèlkeswa laj yo, ras, yo, kilti, sèks, oswa jan yon idantfye seksyalite yo . Sa se Legliz la nan Jan Jezi Kri vle li a. Malerezman, mwen wè tou kijan menm denominasyon sa ke mwen fyèman rele Legliz mwen an, fèmen "pòt Jezi Kri louvri pou tout moun nan" nan figi pwòp manm li yo; sa vle di yo iyore avètisman Jak te bay pou nou pa jije lòt moun. Jak fè nou sonje lè nou pa trete tout moun menm jan, nou "moutre nou gen move lide nan tèt nou" lè sa nou rejte ve batèm nou.

Pandan nou ap prepare pou nou rantre nan sezon karèm nan ki se yon tan kote Legliz Jezi Kri a ap konsantre sou siyifikasyon batèm ak kisa swiv Jezi Kri vle di, annou sonje aksepte tout moun san distenksyon se kè Levanjil la. Mwen priye epi mwen espere Legliz Metodis Ini an, kapab yon Legliz ki louvri pòt li pou resevwa tout moun, pa sèlman nan tan kriz, men chak jou. Se jan de Legliz sa Jezi rele nou pou nou ye nan monn sa. Pou nou sèvi Kris jan nou konfese nan ve batèm nou yo, nou dwe yon Legliz ki louvri pou tout moun mem jan Jezi Kri, Limenm louvri Legliz Li pou tout moun san li pa jije yo. Annou lapriye.

Seyè Jezi, yon fwa ankò nou konfese ou se Seyè ak Sovè nou. Nou renouvle pwomès pou nou viv yon lavi kote nou ap swiv ou nan inyon avèk Legliz ou a. Nou mande ou padon pou peche pèsonèl ak peche ankomen ke nou fè lè nou tap gade kèk moun sou laparans. Ke Sentespri ou a kapab gide nou pandan nou ap chache pou nou yon Legliz ki resevwa tout moun san distenksyon epi fè disip pou ou pou monn sa kapab transfòme jan ou te kreye-l pou l' ye a. Amen!

Remak:

Gen Plas Sou Tab La

Lik 14:12-24



Manu Bhatnagar, Laity
Plantation UMC, Plantation

Pèsonn, timoun kòm granmoun pa swete pou yon lòt moun fè yo santi yo enferyè. Kèlkeswa se nan men yon zanmi, yon patnè, sosyete a oubyen ou mnm nan fanmi nou, se yon eksperyans nou tout fè nan yon moman nan lavi nou a. Se yon verité ki inivèsèl. Se yon bagay ki rive si tèlman souvan ke nou oblije mete lwa ak règleman sosyal kont li.

Nan Peyi Etazini, malerezman fè moun santi yo enferyè, se you bagay ki kouran. Moun pran lari pou yo mache kont bagay sa. Moun touye lòt moun poutèt sa, Li detwi relasyon moun youn ak lòt. Kèlkeswa nous santi nou rejete poutèt koulè po nou, sèks nou oubyen oryantasyon seksyèl nou, kilti nou oswa relijyon nou, nou chak nou te fè eksperyans sa nan fason pa nou.

Menm jan nou tes anti the harsh sting of rejection, Papa a tes anti sa tou. Lekti sa nan Lik la rakonte istwa yon wa ki t'ap fè yon gran fèt, men chak moun li te envite te rejte envitasyon an. Li te di youn nan sèvitè li yo ale nan lari epi envite tout moun pòv ak moun andikape yo te jwenn. Sèvitè a te retounen li di mwen envite anpil moun, men nou gen plas vid sou tab la toujou. Mèt la di li ale pi lwen ke vil la, ale nan ti bouk yo envite tout moun sosyete a te rejete yo nan fèt la. Mèt la te prepare yon gwo fèt, li te decide se pou kay la plen ak envite kèlkeswa sa li dwe fè pou sa rive.

Farizyen yo Jezi t'ap adrese lè li te pale parabòl sa te fè pati gwo zouzoun kite refize envitasyon mèt la. Yo te konsidere tèt yo

2
jen

siperyè a mèt la, donk yo pat gen okenn pwoblèm pou refize envitasyon nan dènye minit. I yo te tandè jan demoun kit e envite pou ranplase yo nan fèt la, yo t'ap touse nen yo. Yo te konsidere tout lòt mun kòm pechè, pa diy ase. Yo t;ap jije mèt fèt la kòm yon moun ki san vègòy pake li ouvri pòt li pou resevwa “jan de moun sa yo”. Mwen panse a mo Jezi te di nan Jan 15:18-19 “Si moun k'ap viv dapre prensip lemonn yo rayi nou, pa bliye yo te rayi m' anvan yo te rayi nou. Si nou te moun lemonn, lemonn ta renmen nou, paske nou ta pou li. Men, mwen chwazi nou, mwen wete nou anba pouvwa lemonn. Se poutèt sa lemonn rayi nou: nou pa moun lemonn ankò.”

Legliz la se yon beacon refij pou kèk moun anmenm tan li se yon senbòl rayisman pou lòt. Menm jan ak Farizye yo, nou pa toujou yon Legliz ki aksepte tout pitit Bondye. Mwen jwen anpil ankourajman ak prensip Legliz Metodis Ini an ki ouvri tab kominyon bay tout moun ki vle. Si nou vrèman vle rele tèt nou yon Legliz ki louvri kè li, louvri lespri li epi louvri pòt li, nou bezwen louvri pòt nou pou toutmoun menm jan Jezi Kri aksepte nou tout.

Si ou santi lòt moun rejete ou, konnen ou gen plas ou sou tab Kris la. Si ou santi ou se yon victim oswa si ou konnen aksyon ou lakòz lòt moun vin yon viktim, konnen Kris gen plas pou ou. Bondye nou an aksepte tout moun sou tab la. Nou kw'è nou pa diy, men Kris vle nou sou tab la, li fè wout pou nou epi li envite nou nan gran festen an.

Remak:

Pye Rezen An Ak Branch Yo

Jan 15:1-17



Rev. Dr. Cynthia Weems, Superintendent
South East District

Mwen se pye rezen an, nou se branch yo. Moun ki fè yonn avè m', moun mwen fè yonn ak li, l'ap donner anpil, paske nou pa kapab fè anyen san mwen. Jan 15:5

Nyon nou soti nan Kè Levanjil la, nou literalman an kominyon avèk Bondye epi avèk younn lòt. Atravè Jezi Kri nou fè eksperyans kominyon ki egziste ant Bondye ak limanite, limanite ak limanite, epi menm avèk sila yo ki deja devanse nou nan laglwa-a. Se tankou yon pye rezen anmèdan ki refize sispann grandi.

Lekti jodi a fè nou sonje pye rezen sa ak branch li yo pote fwi. Nou pa egziste pou tèt pa nou. Nou egziste pou fwi nou gen pou pote yo. Sa se ou bagay souvan ki difisil pou moun konprann. Nan lavi Legliz, souvan nou bay priyorite a sa nou vle, kouman nou vle li epi ak sa ki konvenian pou nou. Apot Jan fè nou sonje nan lekti sa ke fwi ki soti nan Jezi ki pye rezen nou an, se fwi ki bay lavi ak lajwa. Sa se pa yon move tès pou lavi kretyèn nou ak ministè Legliz la.

Lè mwen te timoun mwen te rete nan you ti vil nan Sid peyi a. Mwen te renmen lavi mwen t'ap mennen nan vil sa anpil. Mwen te gen sèlman 8 tan lè mwen te deja kòmanse ap pale anpiblik, nan vil sa, osijè plan mwen pou m'vin yon paste lè m' vin pi gran. Mwen te gen eksperyans kote moun yo pote bèl plat manje nan Legliz la, abiye ak bèl rad chak dimanch, mete bèl chapo ak flè pou Pak, reyinyon priyè chak mèkredi epi ou bann lòt bèl ak bon bagay ankò. Men apre kèk lane mwen te rann mwen kont eksperyans mwen t'ap



fè nan gwoup jèn moun yo te yon jan diferan ak eksperyans mwen te genyen lè m'tap grandi a. Mwen te renmen bèl rad dimanch yo paske mwen te gen bèl rad tou. Mwen te renmen bèl plat manje yo paske fanmi-m te gen manje pou yo pote. Mwen te rann mwen kont tout bèl koutim sa yo te limite patisipasyon anpil moun nan Legliz la. Mwen te rann mwen kont Legliz la te louvri sèlman a sila yo ki te gen bèl rad, epi ki te ka kontribye yo. Mwen renmen koutim yo, men mwen kapab viv san yo si sa vle di louvri pòt Legliz la pou pèmèt sila yo ki toujou santi yo pa gen plas nan legliz la, fè eksperyans Legliz Kris la.

Tèm nou pou semenn sa se LOUVRI. Mwen kwè senbòl Jezi kòm pye rezen an epi nou menm kòm branch yo, epi fwi yo kòm temwayaj lavi nou ansanm ak ministè nou, se yon bon deskripsyon pou yon Legliz ki ap kontinye grandi nan efò li ap fè pou li louvri ak tout moun. Fwi bay lavi ak lajwa. Eske koutim ak pratik legliz nou yo se yon sous lajwa pou tout moun? Mwen vle sijere Legliz pou lavni a fèt pou-l yon legliz ki montre toutbon Jezi kòm pye rezen an nan jan li etaye branch li yo nan yon nouvo fason pou yo ka pote yon nouvo kalite fwi.

Remak:

Yon Legliz Ki Gen Yon Misyon

Romen 15:5-13



Rev. Vidalis Lopez
First UMC, Coral Springs

Lè mwen te gen nevan, Mwen te wè yon group misyonè Legliz Metodis Ini an ki te kolabore ak yon kongregasyon Metodis Ini ki t'ap sèvi yon komite natif natal, yo t'ap selebre finisman yon pon kite fèt ak kòd. Apre gwo lapli, larivyè a te toujou monte, bloke wout epi anpeche kominote lokal la fè alevini pou regle zafè yo, tankou al nan travay oubyen al lekòl. Men avèk pon an kòd sa, menm lè dlo a monte byen wo, fanmi yo te gen yon jan pou mache ansekirite pou yo kontinye fè sa yo gen pou yon fè. Ou kapab imajine lespwa ke lide pou yon te fè pon sa te pote pou moun nan zòn nan.

Mwen sonje mwen te fè pati selebrasyon sa ak tout moun nan zòn nan, nou te monte sou pon an, mache travèse dlo a, fè sa ki te konn enposib pou moun fè.

Pou mwen menm, se sa yon misyon ki fèt ak entansyon epi kolaborasyon fèt pou l' sanble.

Tanpèt ak gwo dlo se yon bagay ki fè moun pè. Yo kapab kokobe tout posibilite pou nou mennen yon lavi ki pote fwi, yo kapab separe nou youn ak lòt, yo kapab izole nou. Men lè nou ap mache ak Kris, non sèlman nou kapab simonte tout tanpèt nan lavi-a, nou kapab tou fè yon diferans pou lemonn kapab wè nou kwè epi nou ap swiv bon chemen an. Nou kapab simonte tout bagay difisil epi ofri yon sans dapatenans pou tout moun.



Pawòl la vini chè epi Jezi se chemen pou nou. Donk kòm Legliz Jezi Kri a, nou aple pou nou prepare wout Seyè a.

Mwen ta ka di nou ki kantite travay pon an kòd sa te mande, mwen ta kapab di nou tou konbye kontraryete moun yo te rankontre. Men traka sa yo te pote fwi ak benediksyon. Yo te montre rezilta lè moun mete tèt yo ansanm pou travay pou yon menm bi, fòs linyon ak obeyisans yo tounen yon senbòl wayòm Bondye a.

Mwen sonje eksperyans sa kòm si li te fèk rive paske li te kontribye pou fòme lavi mwen. Li rete tankou yon siy ki pou raple-m lè lavi a parèt difisil, mwen dwe sonje kijan Bondye te travay nan tan pase yo epi kijan Bondye ap travay jodi a.

Ane pase nan menm jou jodi a, nou te sèlman yon mwa anvan nou te fè ekperyans kote tout nasyon an t'ap antre nan yon karantèn, nou te sispann tout sèvis anpèsòn nan legliz nou yo. Tou swit apre mwen te dekouvri kèk bagay nouvo, bagay mwen pat planifye oubyen espere, ou menm konnen mwen ta ka fè nan platfòm vityèl.

Yon fwa ankò mwen te sonje konbyen nou bezwen pepare chemen Seyè a.

Lespwa nou vini nan Seyè a, sila ki di, “Ann janbe lòt bò lanmè a non.” Mwen priye pou legliz nou yo kapab komèt pou yo pèsevere nan lafwa ak konfyans nan Bondye pou laglwa Bondye.

Sa se yon Legliz ki nan yon misyon.

Remak:

Kilès Ki Anndan & Kilès Ki Deyò?

Travay Apòt Yo 15:1-21



Kipp Nelson, Certified Candidate
First UMC, Miami

Kilès ki anndan, epi kilès ki deyò? Sa se de kesyon nou mande anpil pandan nou kap panse oubyen ak reve pou yon Legliz ki vle ale alavan. Kilès ki ap rete epi kilès k'ap kite? Se vre tout sikonstans yo sigjere klèman divizyon Legliz la inevitab, men mwen ta di jan de lespri fèmèn sa yo aktyèlman koze yon pyèdachopman pou anpeche Legliz la vanse annavan ansante. Panse sa yo kapab lakoz plis separasyon ak eskliyon epi kapab koze plis mal nan pami pèp Bondye a.

Kèk nan moman ki pi douloure nan lavi mwen te rive lè mwen te santi-m mwen pat gen plas yon kote. Kèlkeswa se lè yo pat aksepte-m nan yon ekip baskètbòl lè mwen te nan Middle school, oubyen lè mwen pat envite nan fèt yon zanmi-m, oswa lè yo te di-m mwen pat kapab vin yon pastè paske mwen fè pati ge kominote a. Li di anpil wi, lè yo mete-w sou kote. Chak eksperyans sa yo te fè-m santi pèsonn pat renmen epi kèkfwa pèsonn pat vle-m bò kote yo.

Nan tout moman sa yo, sèl kote mwen toujou jwenn konfò se nan pye Jezi. Li kontinyèlman ap kraze baryè sosyal epi louvri bra li pou li aksepte moun tankou mwen. Li konstaman rale sou li sila yo sosyete a ak lalwa te deklare pa diy. Lavi li ak ministè li pwove-m mwen gen yon plas sou tab Seyè a. Non sèlman mwen kapab fè pati tou, men mwen byenvini.

5

jen

Nan chapit 15 nan liv Travay Apòt yo, nou li osijè divizyon ki te gen nan premye Legliz la epi tout gwo deba ki t'ap fèt pou konnen ki moun yo ta dwe aksepte, ak ki moun pou yo ta dwe mete deyò. Anpil Jwif te kwè moun lòt nasyon yo pat kapab

vrèman sove si yo pat sikonsi. Men, Pyè, Pòl, Banabas ak Jak te fè yo sonje lanmou Bondye san mezi, li tèlman gran, li louvri pou tout moun, ke yo te Jwif ke yo te soti nan lòt nasyon, ke yo sikonsi, ke yo pa sikonsi. Yo menm te pale kouman Bondye tap travay nan mitan sila yo ke lòt moun tap chache mete deyò yo.

Jak pale ak legliz la. Li te fè yo sonje vizyon pwofèt Ezayi a, ki te dekri lavni Bondye reve pou yo a, “M’a rebati kay David la ki te fin tonbe, m’a repare mazi li yo, m’a kanpe kay li a ankò. Konsa, tout lòt moun yo va chache Bondye, ansanm ak tout nasyon mwen chwazi pou pote non mwen.”

Istwa sa fè nou sonje eskizyon pa gen plas nan wayòm Bondye a. Jodi a nou sonje lanmou Bondye louvri pou tout moun, menm sila yo ki diferan ak nou, sila yo ki ap mennen yon lavi diferan ak nou, oubyen ki pataje lanmou yo yon jan ki diferan ak nou. Andepi de tout fòs separasyon ki antoure nou epi ki ap enfluyanse sou nou, nou aple pou nou travay pou enklizyon.

Nou menm ki rele tèt nou manm Legliz Metodis Ini an, nou fèt pou nou chache sispann pwolonje mal nou ap fè lòt manm Legliz la lè nou ap mete yo sou kote pou tout kalite rezon, nou fèt pou nou fè tout efò nou pou nou aksepte tout moun epi fè plas pou chak moun Bondye rele sou tab la. Se pou nou aprann konnen ke tout moun sakre epi byevini lakay Bomdye. Se pou nou tounen yon kominote ki bati sou lanmou kote tout moun kapab jwenn konfò epi pou yo santi yo jwenn plas yo nan lamoun Bondye ki san mezi a.

Remak:

semèn 6: tout

Rev. Amy Armistead

Gathering Place UMC, Ormond Beach

Yon jou pandan mwen tap achte you tas kafe anba lavil Montgomery, mwen te li yon siy nan fenèt yon boutik kite di, “ tout vle di, tout.” Mwen renmen fraz la «tout ». Li bienvini epii li chalere. Se tankou yon bèl anbrasman de grann ou. Mwen te souri epi mwen te kontinye wout mwen. Pandan mwen te kontinye ap mache anba lavil la, mwen te pase devan fontenn lakou kare-a, ki te ranplase zonn kote yo te konn vann esklav yo ozan chè'a nan tan lontan. Lòt bò fontenn lan se kote Rosa Park istorikman te refize leve bay plas kote l' te chita nan bis la pou yon mouche blan, youn nan moman ki te okazyone mouvman dwa sivil yo. Pi ba nan lari sa nou jwenn Dexter Avenue King Memorial Baptist Church kote Rev. Dr. Martin Luther King Jr. te pastè soti nan 1954 pou rive nan lane 1960. Pandan m' te kontinye ap mache nan lari anba lavil Montgomery-a, mwen te realize mwen te antoure ak anpil ane nan istwa douloure pèp nwa ameriken an, yon listwa ki makònen ak listwa Krisyanite nan peyi sa. Mak istorik sa yo se manifestasyon tanjib pouki sa batay legliz la dwe pèsonifye Jezi ki louvri legliz la a moun tout laj, tout nasyon, epi tout ras.

Tèm semenn sa-a se « TOUT. » Nan Legliz Metodis Ini, tout pa toujou vle di nou tout. Pandan mo 'tout' la bèl epi atiran, nou diminye efè li lè nou chanje enklizivite pou plezantri sipèfisyèl. Nou di tout moun byenvini nan bouch nou , men ban legliz nou yo rakonte you lòt istwa.

Jezi te gen yon vizion kijan li ta vle lòt moun rekonèt pèp li-a . Nan mesaj Jezi sou montay la li te di disip li yo : Se sèl nou ye pou moun sou latè. Se limyè nou ye pou moun sou latè. Moun pa kapab kache yon lavil ki bati sou yon mòn. (Mat.5 : 13-14)

Sèl prezève, li bay gou, li purifye, epi li fètilize. Sèl pa janm zetwal nan manjé-a. Li sèlman bay manje-a gou. Epi nenpòt moun ki soufri tansyon konnen twòp sèl kapab ba li pwoblèm. Kantité nomal sèl nan yon repa ba li bon gou. li fè vyann lan vin pi gou epi li ka fè yon makaroni pran lavi. Li transfòme yon manje san gou nan yon pla delisyè.

Lè Jézi te bay disip yon estriksyon yo se sèl tè-a, li pat di yo pou yo pran plas prensipal pla a -sèlman ba li gou. Si n'ap pran pòz nou pi bon Kreytan pase tout lòt moun- fè Kristianite sanble yon klib ki rezève pou sila yo ki siperyè epi jis – nou salé manjé-a

Lè Jèzi te konpare moun k'ap swiv li yo ak sèl epi limyè, li te bay disip li yo kapasite pou fè byen nan mond lan. Li bay yo pouvwa ak kouraj. Sepandan, si disip Jezi ta manke pou akeyi sila yo ki pi vilnerab yo, tankou immigran ak sila yo k'ap viv anba opresyon, sa ta vle di yo pèdi gou sèl la. Lafwa yo vini san gou.

Kreyòl la tradwi mo Jezi te itilize nan lang Grèk la byen paske li di « nou » nan pasaj sa « Se sèl nou ye pou moun sou latè. Se limyè nou ye pou moun sou late” Se pa sèlman ou menm pou kont ou se sèl, ou se limyè, se Nou tout ansanm.

Donk nou vle di nou tout toubon.

Nou tout vle di jèn timoun ki fè pati LGBTQ kominote a ki dapre estatistic gen anpil chans pou pa gen kote pou rete. Nou tout vle di moun nwa, ispanik, fanmi imigran, sila yo ki nan prizon ak tout sila yo ki gonfle nan besnan legliz la pandan y'ap batay pou kite adiksyon alkòl ak dwòg. Nou tout vle di sila yo ki ap viv ak yon maladi kronik, vye granmoun yo ak sila yo ki vilnerab yo. Pa sèlman nou tout envite, nou tout se limyè. Nou tout se sèl sou latè a. yon lavil ki bati sou yon mòn Nou tout se Legliz.

Pandan m'ap reflechi sou tan sa mwen t'ap mache anba lavil Montgomery-a, mwen vini sonje ki distans nou soti anmenm tan ki kanti travay ki rete pou nou fè. Kom yon jèn pastè, mwen espere pou fè-m pati yon denominasyon kote manm yo pran ve batèm yo oserye. Mwen espere nou va grandi kom yon Legliz kote Nou tout vle di tout.



...de tout laj, tout nasyon, epi tout ras ?

Se kisa mo tout la vle di an relasyon ak Legliz la ? Kote nou fè f opa pou nou yon Legliz pou « tout » ?

Pouki sa nou limite vrè siyifikasyon mo « tout » la ? Se kisa nan nati imen nou ki fè nou vle mete limitasyon a mo « tout » la ?

Lè nou vini ak yon definisyon ki etwat pou mo « tout » la kijan sa diminye i jan nou konprann mo konfesyon, gras, sèvis ak louvri ?

Ki lòt kategori ou ta kap ajoute nan lis :laj, nasyon, ak ras ?

Kisa ki rive ap inyon piblik nou oubyen temwayaj nou lè « tout » vle di yon bagay diferan pou yon gwoup legliz oubyen yon gwoup manm ?

Lè nou limite siyifikasyon « tout » ki mesaj sa bay monn nan de Bondye ?

Ki efè sa gen nan lavi-ou lè « tout » reyèlman vle di « tout » ?

Abiye Ak Kris

Galat 3:26-29



Rev. Ginger Medley

Poinciana UMC, Miami Springs

Kado Presye Sali'a nan Jézi-Kris se akonplisman yon pwomès ki te fèt a tout limanite. Kò Kris la ta dwé tankou yon bag sentiyan ki gen ladann plizyè pyè presye, ki fòje nan lanmou epi ki pèfèksyone nan Sali nou Lè nou mete moun sou kote nan kominote lafwa'a , sa bloke abilite nou pou nou klere oubyen, sentiye tankou you dyaman. Seyè a di konsa: Y'ap yon pèp apa pou mwen. Jou m'a deside pou m' aji a, se moun pa m' nèt y'ap ye. m'a gen pitye pou yo, menm jan yon papa gen pitye pou pitit gason l' k'ap sèvi l'. (Malachi 3 :17). Bondye akeyi tout moun érityé pwomès li'a atravè Jezi-Kris, pitit li-a.

Appèl nou se pou'n abiye nou chak jou avèk Kris. Nou fèt pou nou abiye nou ak karaktè epi atribi Jezi yo, ki se lanmou ki depase distenksyon sosyal yo, baryè relijyon, ak wòl sèks nou jwe Sentespri a dezire pou'l gide nou epi anseye nou ke chemen Kris la revele wayòm Bondye sou tè a epi transfòmè kominote nou yo.

Nou mande Seyè a pou padone nou paske pou tout lè nou te plis sanblé nou te abiye tankou yon ti mouton, men andann nou nou te takou you lou, olye nou te abiye ak rad Kris la. An nou viv tankou disip kreyen disip ki intèg ; annou viv tankou eritye pwomès la olye nou viv tankou moun ki chich, tankou enpostè kap fèmen pòt Legliziz la sou moun paske nou gen peche lògèy ak préjújé nan kè nou. Nou rele pou non sonje pouvwa batè m nou nan fanmi Kris la te netwaye nou. Pa pèdi tan ! reponn jodi-a, rele non Séyè a pou lave nou ankò epi netwaye peche nou (Ak 2 : 16).

6
jen

Jan bagay yo prale nan monn lan, li fasil pou nou santi ke pwomès Bondye a se yon bagay fane se yon bagay nan pase, yon rèv pou fè moun domi ki disparèt nan lafimen rayisman, entolérans ak lenjistis. Men Bondye pa rele nou pou nou viv dapre sa nou santi. Nou rele pou nou ka viv pa lafwa. Bondye fidèl nan pwomès li ; pawòl li se la vérité (Nonb 23 : 19) Bondye pa bay manti ni li pap chanje lide-l – pwomès Sali a, pwomès padon-an, pwomès lanmou-an se vrèman pou tout moun. Donk, avèk kouraj epi avèk konfyans annou avanse nan lafwa pou n' ka viv lespwa alyans sentiyan Bondye pwomèt tout moun nan.

Nan ki fason batèm mwen nan Kris ak abiman-m tankou Kris ankouraje-m pou m'viv nan kominote ak tout moun? Ki gwoup moun ki nan majin sosyete a mwen kapab kòmanse nourir nan Kris atravè lafwa pou ke yo menm tou kapab resevwa pwomès la kòm pitit Bondye?

PRIYÈ : Seyè Pwomès la, kreye nan mwen yon kè pwòp epi renouvle nan mwen yon lespri ki dwat. Ede-m pou m'pèsonifye verite pwomès ou-a a tout moun, nan non Jezi. Amen.

Remak:

Wayòm Ki Pou Tout Moun Nan

Lik 4 :14-30



Rev. Tracie Ashley
Grace Community UMC, Lithia

Mwen genyen yon kè sansib pou moun Nazarèt yo nan tèks jodi-a. Wi, byeneme sa yo te tèlman ankòlè yo te panse pou yo bouskile Jezi nan falèz la. Sa mwen vle di, yo t'ap panse, Kimoun li panse li ye ? L'ap fè tout lwanj sa yo, geri moun epi opere tout siy mèvèy sa yo. Li annik parèt, li fenk retounen bò isit la - pa te gen trik sèlman laverite. Yo pat renmen sa ditou.

Mwen konprann moun Nazarèt sa yo paske mwen te nan menm plas kote yo a. Mwen te vle tout bèl mèvèy sa yo san mwen pa fè okenn travay. Mwen te sèlman vle yon vèsyon 'Hallmark' pou m'swiv Jezi. Sèlman montre-m bagay ki fè m' santi-m byen, ou konnen, jan de bagay ki fè-m santi m'ap vole anlè. Sèlman montre moun antouzyast mwen genyen pou Jezi, san mwen pat vrèman ap swiv li. Meni Jezi vle pi plis pase sa pou ou avèk mwen.

Lè yo te tande tout pawòl Jezi yo, moun ki tap koute-l nan Sinagòg la te fache anpil paske Jezi te sigjere lafwa yo pat you lafwa ki te louvri a tout moun ; lè li te oze deklare Bondye renmen tout lòt moun, men pa sèlman moun ki soti nan menm zansèt ak yo, menm ras oubyen menm pèp ak yo. Li fè yo sonje ki jan Eli te pran swen vèv fanm nan ki pat yon jwif, li te fè yo sonje kijan Elize te geri yon komandan lame ki te enmi peyi li. Men lè li te fè yo sonje bagay sa yo, yo te panse Jezi te ale twò lwen. Menm jan N. T. Wright di li « Bondye Izrayèl la t'ap sekouri move gwoup moun. » Jezi te fè yo konnen atitid yo anpeche yo wè ke lanmou Bondye ale pi lwen ke sa yo ta kap imagine.



Relasyon nou avèk Jezi pèmèt nou genyen yon vizyon ki pi laj osijè kreyasyon-an epi osijè de moun. Pandan sa se yon mistè ak mèvèy, li mande tou pou nou aprann pou nou viv ve nou pou yon wayòm ki louvri pou tout moun, yon wayòm kote tout moun pa sèlman byenvini men tou yo anchéri. Se yon wayòm kote TOUT pa sèlman yon mo, men tout moun reprezante bèl divèsite Bondye genyen nan li menm.

Plis nap mache avèk Kris, se plis nap dekouvri kèk bagay nan pwòp ideyoloji nou ki bezwen chanje oubyen geri, ki bezwen aliye avèk kwa Jezi-a. Lè nou rekonèt kwen kache sa yo ki nan nou ki montre degou oubyen menm falèz kolè nou yo, epi jan Bondye aksepte tout moun yo, se kòmansman chanjman ak gerizon nou. Nou aple pou nou renmen moun ki pa gen menm laj ak nou, moun ki pa gen menm nasyonalite oubyen ki pa gen menm ras ak nou menm jan Bondye renmen yo ; nou aple pou nou renmen moun ki gen diferan sèks, diferan koulè, diferan oryantasyon seksyèl ak nou oubyen nan nenpòt lòt kategori nou klase oubyen deklase yo.

Ki bagay kache ou genyen ? Ki sa ou gen nan ou ki toujou fèmen zye ou anpeche ou wè bote ki nan tout moun ? Obeyisans pou ou travay pou ou chache dekouvri bagay sa yo nan ou, se yon bon bagay ki pote lajwa. Li bon pou nou pale de bagay sa yo nan priyè nou, pou nou konfese epi pou nou chita ansilans avèk Kris ki renmen nou san mezi. Se pou sa nou pa bezwen pè pou nou fè travay enteryè sa, paske nou pap fè-l pou kont nou. N'ap fè li men nan men avèk sila-a ki rele nou, ki ancheri nou, epi ki resevwa nou. Nou fè li kòm yon pati nan kominote kwayan yo, pandan nou nan chemen pou nou vini de jou anjou plis aliye avèk kwa Jezi a, pandan nou ap viv yon lavi ki sanble ak wayòm ki pou tout moun nan.

Remak:

Gerì Maleng Nou

Ezayi 58:6-17



Erin Wagner, Certified Candidate
Boston University School of Theology

Ezayi 58 se pou nou tout. Se pou sila yo ki te temwen epi ki te fè eksperyans anpil bagay lane ki sot pase la te revele – rasis, vyolans, enjistis ekonomik, jan pandemik la pat afekte tout gwoup moun nan menm fason, reyalite pwòp vilnerabilite nou epi kijan nou vrèman konekte youn ak lòt. Ezayi 58 se pou sila yo ki t’ap fè eksperyans bagay sa yo toutan, men yo pat janmen genyen ase lè pou yo respire, pou yo ta ka repete pawòl sa yo. Esayi 58 se pou tout sila yo ki t’ap repete pawòl sa yo lontan anvan nou te rive la, men sèlman te gen vwa ki te pi fò pase pa yo, ki te kouvri vwa yo lè yo t’ap rele « Ou pa gen plas ou la. »

Ezayi 58 se pou ou.

Nan pasaj sa-a pwofèt la itilize pawòl Seyè a nan yon fòm de akizasyon sevè pou denonse ipokrizi pèp Bondye-a. Nan senk vèsè ki vini anvan kote nou te koumanse jodi a, Ezayi dekri yon Izrayèl ki nan konfizyon epi ki nan lapenn paske Bondye te wete favè li sou yo. Letènèl pale, « Chak jou, y’ap fè sèvis pou mwen. Yo pretann yo konnen chemen m’ yo, tankou si se yon nasyon ki fè sa ki dwat devan m’, epi ki pa t’janm lage lòd mwen te ba yo. Y’ap mande m’ pou m’ defann kòz yo.” Yo mande, “Sa nou bezwen fè jèn fè si Bondye p’ap wè sa? Sa nou bezwen pran lapenn pou sa nou fè ki mal si ou p’ap gade sou sa? Seyè a reponn yo: -M’ap di nou laverite. Jou n’ap fè jèn lan, se jou sa a tou n’ap chache fè sa ki nan enterè nou ase. Se lè sa a n’ap plede peze moun k’ap travay pou nou yo. Konsa tou, jou n’ap fè jèn lan, se lè sa a tou n’ap joure, n’ap fè kont, n’ap goumen, n’ap bay move kou”

8
jen

Nan 21nyèm syèk la zye nou pa bezwen gade twò lwen pou nou wè paralèl ki genyen ak tèks sa ki te ekri nan 6yèm syèk (Avan JeziKris la). Nou tout nou temwen epi menm patisipe nan, bagay « fè sa ki dwat » odepan lòt pitit Bondye, kèlkeswa se sante yo, byennèt yo, oubyen fè yo santi yo pa gen plas yo la.

Malgré tout sa, lè nou li tèsk sa-a avèk yon zye moun ki libere, nou konnen Bondye pa kite nou nan anbarasman sa-a. Bondye nou-an se pa yon Bondye kap kite nou nan tonbo. Nou pa bezwen « mache sou jenou nou pou yon satèn de kilomèt nan dezè a pou nou repanti » restorasyon ekri sou zo nou. Nan Ezayi 58, Bondye di nou klèman kisa li vle de nou : « Non! Men kalite jèn ki pou fè kè m' kontan an: Sispann fè mechanste. Sispann fè lenjistis. Bay esklav nou yo libète! Mete chay k'ap foule moun yo atè? »

Nou lamante epi nou repanti paske gen anpil fwa nou pat reziste fè mechanste, lenjistis, ak opresyon. Donk ane sa-a n'ap chache jene nan fason Bondye chwazi a. N'ap travay ansanm pou nou kapab geri ni maleng ki fenk rive, ni sa yo ke nou dekouvri youn nan lòt ; konsa « Y'a rele nou moun ki konn repare miray fann yo, moun ki konn balize granchemen yo, moun k'ap refè kay ki kraze yo pou moun ka vin rete nan peyi a ankò » Nou pran angajman pou nou viv kòm si wayòm Bondye-a te deja pami nou. Paske Ezayi 58 se pou nou tout. Ke sa kapab fèt konsa.

Remak:

Akseptans Kòmanse Avèk Nou

Efezyen 2:11-22



Susan Hanafee, Laity

Lighthouse UMC of Boca Grande, Boca Grande

Pou nou Kreyen, Karèm se yon tan pou abstinans ak jèn. Nòmalman nou panse pa manje kèk bagay kou : chokola, bagay sikre, kou yon siy de penitans. Jodi a, m'ap mande nou pou nou gade pi lwen pase tradisyon ki fè nou panse nou konnen vrèman jan Bondye vle pou nou selebre kado sèl pitit li-a ansanm ak pwomès redanmsyon li ofri nou an.

Pandan siy kwa-a make sou fon ou, panse a tout lòt moun yo ki resevwa menm senbòl lavi etènèl sa tou. Èske Séyè-a ta refize siy ak pwomès sa a yon moun paske li gen yon diferan koulè po sou fon li oubyen akòz sèks li, oubyen oryantasyon seksyèl li ? Èske li ta repouse moun sa akòz laj li oubyen peyi kote li soti-a ?

Nou konnen repons la- nan kè nou. Bondye fè nou tout nan pwòp imaj li epi li kòmande nou pou nou renmen pwochen nou menm jan nou renmen tèt pa ou. Pa gen kòmandman ki pi gran pase sila-a. Pou kisa pafwa li si difisil pou nou konprann epi obsève kòmandman sa-a ? Pasaj jodi-a fè nou sonje Bondye pa bay plis konsiderasyon a yon gwoup moun pase yon lòt. Nou tout se pitit li epi lè nou aksepte mizèrikòd ak gras li atravè Jezi Kris, nou tout vin fè pati menm fanmi espirityèl la.

Paske nou se youn nan lanmou Bondye, se pou karant jou ak karant nwit sezon karèm sa-a kapab kòmansman yon vwayaj espirityèl ki va kontinye pase selebrasyon jou Pak la. Ke nou




kapab absteni nou de prejije nan nenpò ki fòm epi kont nenpòt ki moun oubyen pèp. An nou angajé nou pou nou jene kont jije lòt moun dapre koulè po yo, dapre sèks yo, laj yo, oryantasyon seksyèl yo, kwayans politik yo, oubyen peyi kote yo soti.

PRIYÈ : Seyè, nou mande'w ede nou, pou nou kenbe pawòl ou yo, pou nou pa sèvi ak yo pou blese, rabese oubyen jije lòt moun. Ede nou pa janm bliye ke nou tout se pitit ou epi nou tout byenvini nan legliz la ak nan wayòm ou.

Aksèptans kòmanse avèk nou. Amen.

Remak:



Yon Kominote Baze Sou Lanmou Ak Padon

Ephesians 2:11-22



Alice Williams, Laity
FLUMC Conference Lay Leader

Nan dènye semenn ki sot pase yo, mwen espere ou te beni avèk istwa pèsone l ki te pataje ak nou nan seri devosyon sa yo ki santre sou eleman kle nan pwomès batèm nou yo. Chak semenn devosyon yo fokis sous yon pati nan pwomès nou yo: konfesyon, gras, sèvis, Legliz, ak louvri. Mo sa yo te seleksyone nan lapriyè epi ak objektif pou yo te fè soti vizyon pou kalite Legliz Bondye ap rele nou pou viv kòm Metodis Ini nan Konferans Florid la.

Nan istwa sa yo, ou te tandè kijan layik ak pastè t'ap rakonte, fason Bondye t'ap deplase epi pale nan nou ak nan mitan nou. Nou bay remèsiman paske kè nou mèveyezman prepare pou nou antre nan Konferans Anyèl nou demen si Bondye vle sou tè: “yon kominote renmen ak padon”.

Lè m'reflechi sou ki sa li vle di pou nou se yon kominote lanmou ak padon, premye bagay ki frappe-m se kouman li fasil pou nou repete sa, epi anmenm tan kouman li difisil pou nou viv li. Diksyonè Oxford defini Kominote kòm yon “gwo moun k'ap viv nan menm lokalite oubyen ki gen yon karakteristik patikilye ansanm” pou nou menm manm Legliz Metodis Ini sa nou gen an komen an se swiv Kris nan tradisyon Metodis la. Se sans kominote lokal ak global sa, ak tout divèsite li, ki kenbe-m nan Legliz Metodis Ini an pou tout ane sa yo.



Nan pi bon sans li, fè pati yon kominote avèk yonn lòt pa yon dyòb fasil, li vle di n' rekonèt nou pa nan trajè sa poukont nou. Men yonn ak lòt. Nou la pou n'sipòte yonn lòt, nan bon ak nan move moman. Li vle di nou pataje jwa yonn lòt epi tou ede yonn lòt pote chay yo. Li mande pou nou prete yon men, yon zòrèy, yon priyè lè yon lòt moun bezwen sa, epi tou nou pèmèt tèt nou pou nou vilnerab ase pou nou resevwa yon men, yon zòrèy, oswa yon priyè lè nou nan bezwen nou menm.

Nou konprann, menm jan tankou nan yon fanmi, yon kominote pa vle di n'ap toujou tonbe dakò. Okontrè – sa vle di di nou bay tèt nou libète pou nou pa dakò yonn ak lòt. Epi gen yon bagay komik nan yon kominote kwayan – nou pa gen lwazi pou triye oubyen chwazi kiyès ki pou nan kominote ya ak nou. Nou kite travay sa pou LespriSen an!

Filè nou, kòm yon kominote kwayan nan Legliz Metodis Ini an, se yon privye ke nou jete byen lwen ak toutotou nou – paske nou kwè gen plas pou tout moun nan tab gras Bondye ya. Pètèt, jis pètèt, fè pati yon kominote vle di nou bezwen pran tan pou nou aprann plis sou sila yo ki pi diferan ak nou olye nou apran sèlman de sila yo ki plis menm jan ak nou yo.

Sa ki vrèman sele pwomès sa nou fè a, se dezyèm pati fraz la – Li pa sèlman rete apre nou se yon komimote. Nou pwomèt pou nou yon kominote lanmou ak padon. Chak grenn nan nou la nan kominote sa, paske premyèman Bondye renmen nou epi padone nou. Okenn nan nou pa ka di lekonntrè. Se lanmou ak padon nou chak te jwenn nan gras san fen Bondye a, nou dwe lonje bay lòt yo tou. Jezi pa sèlman di nou, men li kòmande nou, pou nou renmen yonn lòt menm jan li renmen nou (Jan 15:12) epi pou nou padonen yonn lòt menm jan nou te padonen (Mak 11:25)

Ou pa panse se yon gwo kòmandman nou fèt pou nou viv chak jou? Mwen pa etone yo rele-l yon chemen nan direksyon pèfeksyon

epilòg

Rev. Annette Stiles Pendergrass

Suntree UMC, Melbourne

Li Jeremi 31:31-34.

Pandan dènve 31 jou yo ki sot pase la, nou te nan you vwayaj, nou tap eksplòre kisa sa vle di pou Legliz Metodis Ini viv konplètman nan ve batèm nan ki mande. *“Eské ou konfese Jezi Kri se Sovè ou ; èske ou mete tout konfyans ou nan gras li epi pwomèt pou sèvi li kou Séyè ou, nan inyon ak legliz ke JeziKris te louvri pou tout moun kèlkeswa laj yo, nasyonalite, ras, seksyalite, sèks, stati sosyal yo. Avèk tout wi sa yo nou mete nou disponib pou Sentespri a travay nan nou pou fòme nou epi fòme yon Legliz ki reflekte angajman sa yo.”*

Chak fwa you moun kanpe devan nou nan kò Kris la pou patisipe nan sakreman batèm, nou chak genyen yon opòtinite pou renouvle konsantman ak angajman nou a ve sa-a. Nou di, “wi” nou konfese JeziKris kòm Sovè ak Seyè epi nap chache pou viv konfesyon ak angajman sa-a nan tout sa nap fè. Nou di « wi » a kado sa ke nou pat merite a: *gras Bondye nan Jezi Kris* gras sa ki te deja la anvan nou an, ki jistifye epi sanktifye nou an. Nou di « wi » pou sèvi Jezi kou Seyè nan legliz la epi nan monn nan. Nou di yon gwo WI a rèv ak plan Bondye genyen pou yon legliz ki vrèman *louvri* pou tout moun kèlkeswa laj, nasyonalitye, ras, seksyalite, sèks, stati sosyal yo. Avèk tout wi sa yo nou mete nou disponib pou Sentespri a travay nan nou pou fòme nou epi fòme yon Legliz ki reflekte angajman sa yo.

Men anyen nan sa nou di la yo pa posib san ti fraz sa ki nan mitan ve-a « *mete tout konfyans nan gras li* ». Mwen t’ap reflechi sou fraz sa pou yon bon ti tan. Mwen t’ap reflechi kisa sa vle di pou « m’mete tout konfyans mwen nan gras li .» Epi mwen te reyalize pou mwen, epi pètèt pou nou tout, sa se yon bagay

reyèlman ki mande anpil kouraj. Mete tout konfyans mwen nan « gras li » vle di mwen abandone bezwen mwen sou jan gras Bondye opere nan mond lan. Panse sou sa. Sa vle di mwen chwazi pou m' kite nan men Bondye epi Bondye sèlman, tout desizyon osijè ki lè, ki koté, kòman, epi nan lavi ki moun lagras Bondye, ka manifeste. Sa vle di mwen gen volonte pou m' kwè pandan lwa Bondye toujou enpòtan pou ede-m viv lavi-m epi òganize mond mwen, lalwa pa ase epi pap janm ase. Sa se paske menm jan Bondye nan lanmou li te bay la lwa, pou pèmèt nou viv libreman men ak limit tou, nou menm lèzòm nou gen tandans pou nou chanje lalwa tankou yon zam epi itilize li kont yonn lòt. Ankò e ankò, nou tonbe nan pyèj kote nou itilize lalwa pou mezire epi jije lòt moun. Kilès ki déyò epi kilès ki andan? kilès ki gen valè epi kilès ki pa gen valè ?

Pou mwen, « mete tout konfyans mwen nan gras li » vle di bagay sa yo se pa kesion pou mwen reponn. Sa vle di mwen kapab konplètman mete konfyans mwen epi depann de gras ekstravagan Kris genyen pou l' parèt, travay, geri, transfòme, epi itilize moun mwen pa ta janm espere oubyen imagine, menm mwen menm tou! Mwen pa oblije konprann sa. Mwen pa oblije kapab esplike sa. Mwen bezwen sèlman kwè ke pouvwa gras sa pi gran epi pi laj ke mwen ta janm kapab imagine oubyen konprann. Pou yon moun tankou-m ki renmen gen kontwòl sou tout bagay, mwen admèt sa se yon gwa egzanp lafwa! men sa ki pi entresan tou, mwen ka di li libere mwen.

Mete tout konfyans mwen nan gras li, pou mwen, se tankou sa pwofèt Jeremi te dekrit nan chapit 31 : 31-34 espesyalman kote li di : « Lè sa a, m'ap mete prensip mwen yo anndan kè yo, m'ap make lòd mwen yo nan lespri yo. M'a tounen Bondye pou yo, y'a tounen yon pèp pou mwen.. » Se lwa lamou ak gras atravè Jezi Kris li ekri nan kè nou, yon lwa ki akonpli tout lwa avan yo, you lwa ki pèmèt pou nou vrèman « konnen » Bondye. Se yon lwa ki ban nou la pè avèk Bondye epi avèk youn lòt.

Genyen anpil bagay osijè lavni legliz sa, mwen renmen an, ki toujou ensèten. Men sa ki sèten pou mwen sè ke legliz nou an se yon legliz ki envite nou pou nou konfese Jezi se Sovè nou, sa pouse nou pou sèvi nan non Kris epi pou nou kontinye geandi nan yon fason ki reflekte karaktè Bondye ki louvri a tout moun. Sa se yon legliz ki ap devlope epi grandi nan efò li pou li yon temwen pou wayòm BonDye pandan nou chak ap chache pou mete tout konfyans nou nan gras li sèlman. Sa se legliz mwen rekonesan mwen fè pati de li jodi a epi mwen swete mwen va kontinye sèvi a lavni.

Mete konfyans mwen tout antye nan gras li.





The Florida Conference
OF THE UNITED METHODIST CHURCH